

**LAMPIRAN**

**LAMPIRAN A**  
**PEDOMAN WAWANCARA**

	Tujuan atau Aspek
<p>I. Identitas subjek penelitian</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Nama samaran</li> <li>2. Usia</li> <li>3. Pendidikan terakhir</li> <li>4. Jenis pekerjaan</li> <li>5. Pendapatan per bulan</li> <li>6. Jumlah anggota keluarga</li> <li>7. Beban biaya atau pengeluaran per bulan</li> <li>8. Kepemilikan tabungan</li> <li>9. Kepemilikan aset (barang berharga)</li> <li>10. Gaya hidup (tempat tujuan, frekuensi dan cara mendapat hiburan dan rekreasi)</li> <li>11. Apakah subjek masih bermain judi hingga saat ini?</li> <li>12. Sudah berapa lama subjek bermain judi?</li> <li>13. Bentuk perjudian yang pernah diikuti subjek</li> <li>14. Dimana saja subjek pernah bermain judi?</li> <li>15. Dengan siapa saja subjek bermain judi?</li> </ol>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Menyatakan bahwa subjek termasuk masyarakat lapisan bawah</li> <li>• penjudi aktif yang memiliki pengalaman berjudi minimal 2 tahun.</li> </ul>

<p>II. Kategori tipe penjudi</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Frekuensi subjek bermain judi?, Apa subjek mempunyai rutinitas bermain judi?</li> <li>2. Jumlah uang taruhan yang dipasang subjek</li> <li>3. Ada atau tidak adanya peningkatan jumlah uang taruhan?</li> <li>4. Apa subjek selalu merasa optimis untuk menang setiap kali bermain judi?</li> <li>5. Mengapa subjek bermain judi?</li> <li>6. Frekuensi menang dan kalah dalam berjudi?</li> <li>7. Uang hasil menang main judi digunakan oleh subjek untuk apa saja?</li> <li>8. Apakah subjek juga menggunakan uang hasil menang untuk berjudi lagi?</li> <li>9. Ketika subjek kalah dalam bermain judi: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ada atau tidak adanya penyesalan?</li> <li>• Subjek selalu mengingat-ingat atau cepat melupakan kekalahan dalam bermain judi?</li> <li>• berhenti atau terus berjudi?</li> </ul> </li> <li>10. Perasaan tegang yang dialami subjek sewaktu berjudi</li> <li>11. Apa subjek selalu memikirkan tentang judi?</li> <li>12. Pernah atau tidaknya subjek berpikiran untuk</li> </ol>	<p>Mengategorikan subjek sebagai:</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>a. <i>Normal person</i></li> <li>b. <i>Professional gambler</i></li> <li>c. <i>Neurotic gambler</i></li> </ol>
--	---

<p>berhenti berjudi?</p> <p>13. Dapat atau tidaknya subjek menghentikan perilaku judinya?</p> <p>14. Ada atau tidak adanya subjek menyembunyikan perilaku judinya dari orang lain?</p> <p>15. Masalah yang dihadapi subjek akibat berjudi (dengan keluarga, teman, pekerjaan)?</p> <p>16. Pernah atau tidaknya subjek terlibat atau melakukan tindakan melanggar hukum untuk kepentingan bermain judi?</p> <p>17. Ada atau tidak adanya subjek mengandalkan orang lain untuk membantu mencukupi beban finansial akibat berjudi?</p>	
<p>III. Persepsi terhadap perjudian</p>	
<p>1. Awal keterlibatan subjek berjudi</p> <p>2. Apa yang dirasakan subjek saat berjudi?</p> <p>3. Menariknya judi bagi subjek</p> <p>4. Arti judi bagi subjek (baik atau buruk, haram atau halal)</p> <p>5. Pandangan subjek tentang judi (subjek memandang judi sebagai apa?)</p>	<p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek afeksi</p> <p>Aspek konasi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek kognisi</p>

<p>1. Judi sebagai mekanisme pelarian dari masalah</p> <p>a. Ada atau tidak adanya kecenderungan subjek untuk berjudi ketika sedang mempunyai masalah?</p> <p>b. Masalah apa yang membuat subjek berjudi?</p> <p>c. Perasaan subjek sewaktu berjudi terkait dengan masalah yang dihadapi?</p> <p>d. Tujuan subjek berjudi terkait dengan masalah yang dihadapi?</p>	<p>Aspek konasi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek afeksi</p> <p>Aspek konasi</p>
<p>2. Judi sebagai kegiatan pengisi waktu luang</p> <p>a. Apakah subjek cenderung berjudi di waktu luang</p> <p>b. Mengapa subjek menggunakan waktu luangnya untuk berjudi?</p> <p>c. Mengapa subjek tidak menggunakan waktu luangnya untuk hal yang lain, selain berjudi?</p> <p>d. Tujuan subjek berjudi terkait dengan kegiatan untuk mengisi waktu luang?</p>	<p>Aspek konasi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek konasi</p>
<p>3. Judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial (dengan teman, kelompok atau kalangan penjudi)</p> <p>a. Bagaimana hubungan subjek dengan teman sesama penjudi?</p>	<p>Aspek afeksi</p>

<p>b. Frekuensi subjek bergaul dengan teman sesama penjudi</p> <p>c. Bahan pembicaraan subjek dengan teman sesama penjudi</p> <p>d. Perasaan subjek ketika bergaul dengan teman sesama penjudi</p> <p>e. Mengapa subjek banyak bergaul dengan sesama penjudi?</p> <p>f. Tujuan subjek banyak bergaul dengan sesama penjudi?</p>	<p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek afeksi</p> <p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek konasi</p>
<p>4. Judi sebagai sarana untuk meningkatkan taraf hidup ekonomi</p> <p>a. Bagaimana dampak judi terhadap keadaan keuangan subjek?</p> <p>b. Apakah subjek dapat memenuhi kebutuhan keluarga lewat judi?</p>	<p>Aspek kognisi</p> <p>Aspek kognisi</p>

## LAMPIRAN B

### Verbatim Subjek Nawir

#### Sesi I

P : Mas, namanya sapa, mas?

SN: Nawir, mbak..

P : Mas umure pira, mas?

SN: Songo lekur.

P : Dua sembilan?

SN: He...ehm... (batuk)

P : Mas sekolah terakhir sampe kelas berapa?

SN: Sampe STM, mbak.

P : STM...

SN: kelas loro.

P : STM kelas loro...nggak lulus berarti, mas?

SN: Gak...gak munggah kelas, mbak.

P : Gak munggah terus?

SN: Gak munggah yo gak sekolah mbak, males wes an.

P : Gak dilanjutno?

SN: Nggak.

P : Mas saiki kerja?

SN: Kerja mbak saiki, mbak.

P : Kerja opo?

SN: Saiki kerja *cleaning service*.

P : Selain kerja *cleaning service*, mas onok nggak nerimo penghasilan teka sing liyane?

SN: Gak onok, mbak. Biasane entuk-entuk duek iku yo teka ceperan-ceperan iku biasane, mbak, lek dikongkon ambek jeragan-jeragan iku.

P : Oh...iku lain dari iku yo...gaji?

SN: Iyo...

P : Lha...mas dewe gaji'e pira?

SN: Gaji'e telung atus seket, mbak, tapi lek dietung sak ceperan'e yo petang atus'an lah, mbak.

P : Saben ulan iku?

SN: Yo gak tentu seh...ceperan kan gak tentu mbak, kadang mbak.

P : Lho...maksud'e kadang onok kadang gak onok?

SN: Iyo...lek onok yo onok.

P : Lek onok isa sampe petang atus?

SN: Iyo.

P : Eh...mas iki nanggung uripe wong pira?

SN: Aku yo nanggung uripe anak karo bojoku, mbak.

P : Anak'e mas pira?

SN: Anakku siji, dadi lek digabung yo wong telu, karo aku...iyo.

- P : Lha...pengeluaran'e mas setiap bulan gawe opo ae, mas? Tanggungan keluarga ngono?
- SN: Yo gawe mbayar duek sekolah, gawe kost-kost'an. Yo wes biasane entek gawe ngono-ngono tok, mbak.
- P : Cukup?
- SN: Yo nggak cukup mbak, mesti kurang seh ngono iku.
- P : Lho...maksud'e duek'e mas saben ulan iku gak cukup gawe anu...
- SN: Gak...gak cukup.
- P : Terus lek gak cukup ngono, yak opo mas?
- SN: Yo ngutang-ngutang, mbak.
- P : Ngutang?
- SN: Iyo.
- P : Mas punya nggak tabungan?
- SN: Yo nggak onok, mbak tabungan.
- P : Istrine mas?
- SN: Opo maneh bojoku, mbak, wong aku ae nggak duwe. Duek teka endi mbak gawe nabung iku?
- P : Lek barang berharga, mas?
- SN: Barang berharga kayak radio iku ta, mbak? Radio onok lek radio, sepeda, tv cilik-cilik iku mbak, entuk teka kredit'an biasae.
- P : Lek perhiasan ngono duwe, mas?
- SN: Perhiasan iku yo paling anting-anting sing digawe bojoku iku, mbak.
- P : Wes iku tok?
- SN: Iyo.
- P : Mas sering ngajak keluargane mlaku-mlaku gak, mas?
- SN: Yo nggak tau, mbak.
- P : Opo'o gak tau?
- SN: Duek teka endi mbak, wong gawe mangan sak hari-hari ae wes gak onok kok, ape gawe seneng-seneng.
- P : Mas wes pira suwe main judi?
- SN: Aku main judi iki be'e lek sekitar limang taun'an onok be'e.
- P : Berarti pengalaman'e wes akeh yo?
- SN: Wes uakeh mbak, lek pengalaman iku.
- P : Sampe saiki, mas?
- SN: Sampe saiki, sampe saiki sek main sek an.
- P : Main judi opo ae, mas?
- SN: Yo macam-macam mbak main'e, mbak.
- P : Opo ae?
- SN: Yo...kartu iku iyo, doroan iyo, togel iyo, sutil iku kadang-kadang...wes uakeh mbak, iyo.
- P : Kartu iku main opo ae?
- SN: Kartu iku macam-macam, mbak. Kadang isa bendolan iku isa.
- P : Domino iku ta?
- SN: Iyo. Terus main opo...kyu-kyu iku iyo, terus main remi biasa iku yo isa, iku isa digawe main iku isa iku.
- P : Lek sutil iku yak opo...main'e?



SN: Sutil iku yo kayak...onok kayak pokok'e onok opo...pring ngono mbak yo, onok pring opo wes pokok'e kayu teka...kayu ngene iki terus onok duek dobel ngene iku lho mbak iku engkok diuncalno, engkok opo...kembar ambek gak kembar, ngono tok lho.

P : Iku digawe totoan?

SN: He...ehm...

P : Mas main iku sak pira sering'e, mas?

SN: Yo ben dina mbak lek main, mbak.

P : Rutin saben dina iku?

SN: Iyo, wes gak tau absen.

P : Mas lek main iku mau sing mas sebutno iku, iku masang duek totoan pira, mas?

SN: Nontok-nontok mbak main'e iku. Saiki main'e umpamane kayak main kartu ngono iku, kartu iku paling totoan'e iku kadang onok sak bukaan sewu kadang sak bukaan rong ewu, yo gak tentu saiki tergantung iku...arek-arek iku njaluk pira'an. Terus lek umpamane main doroan iku yo wes melok-melok'an tok mbak, kadang iku melok limang ewu kadang melok sepuluh ewu. Lek togel iku yo wes paling melok BT-BTan tok mbak, sewuan.

P : Mas gak cukup ngono kok malah digawe main, mas?

SN: Yo...yak opo yo mbak yo jenenge wes ngene...masih'o (ketawa) cukup gak cukup yo wes kebiasaan wes kadung enak e, mbak.

P : Wes kadung enak iku...

SN: Wes kadung kenak'an dulin, dadi wes yo gak onok mbak, pikiran nang kono iku, lek wes kadung main iku wes gak onok akhire.

P : Dadi gak mikir...

SN: Wes kenak'en iyo

P : Mas lek masang duek totoan pira...sing iku mau yo, iku tau ditambah dadi luwih gede maneh nggak?

SN: Yo nontok-nontok, mbak umpamane lek.....(pita kaset rusak) (menang yo wani, dadi tak gawe totoan maneh...dadi duek totoan'e lak luwih gede = ingatan peneliti).

Kalah yo nggak wani, mbak...gak wani. Lek wes menang ngono yo iku duek menang-menang'ane mau iku

P : Digawe main?

SN: Iyo, digawe.

P : Dikebehno iku, mas?

SN: Iyo, yo dikabehno, mbak. Lek isa menang luwih gede maneh lak lumayan, mbak.

P : Selain digawe main maneh, mas...biasane duek menang mas gawe opo ae?

SN: Yo biasane gawe ngombe-ngombe iku mbak, ambek arek-arek iku, gawe ngombe-ngombe...ngkok lek wes onok sisa ngono yo dikekno bojo. (garuk-garuk kaki)

P : Lha mas lek kalah main, iku yak opo mas, mas iku lanjut main maneh opo mandek?

- SN: Lho...lek kalah main yo tambah panas, mbak, yo lanjut ndelek utang-utangan, ndelek utang-utang'an ngalor-ngidul sapa sing isa di anu...sing isa diselangi gawe mbalekno bondone iku mau lho, mbak.
- P : Mas lek kalah main ngono iku nyesel opo gak, mas?
- SN: Yo wes biasa mbak ngono iku mbak. Yo jenenge main iku lak mesti onok kalah menange, wes biasalah.
- P : Dieling-eling terus opo gak kalah'e?
- SN: Yo gak mbak. Gawe opo dieling-eling iku, wes tambah nggarakno peg...opo pikiran tambah gak isa mangan, wes karuane wes kalah yo wes kalah, wes ape diapano maneh mbak, masih'o dipikiri yak opo yo wes gak isa mbalik.
- P : Lha mas luwih sering endi, luwih sering menang opo kalah?
- SN: Yo...nontok-nontok mbak ngono iku, mbak. Saiki lek musuhne luwih pinter teka kene yo akeh kalahne, mbak. Lek musuhne ngono gak entos dulin yo kene sing menang'an. Yo nontok-nontok.
- P : Mas iki kok main judi opo'o, mas?
- SN: Yak opo mbak, wes kadung kenak'en e, mbak. Wes kadung kenak'en nyangkruk ambek arek-arek iku...wong sing 'ben dina dicangkruk'i yo kayak ngono, mosok gak gelem, wes kadung kenak'en ngono iku.
- P : Kenak'en iku maksud'e iku yak opo?
- SN: Yo wes kenak'en mbak main iku, wes...yak opo yo, ibarate wong lek gak main iku isa gatel ngono loh mbak, tangane iku mbak. (ambil rokok)
- P : Mas lek main ngono iku kerasa tegang opo gak, mas?
- SN: Yo mesti tegang seh mbak, ngono iku mbak. Mesti...
- P : Tegang yak opo, mas?
- SN: Yo ngene...tegang'e iku kan mesti mikiri...yak opo iki menang opo gak, ngono tok lho. Opo lek umpamane kartu'an ngono iku kartuku iki luwih apik opo gak ngono timbang arek-arek. Ngono...yo mesti kabeh lek dulin yo mesti tegang, mbak.
- P : Lha mas lek main iku yakin isa menang opo gak?
- SN: Yakin mbak ngono iku mbak, seratus persen yakin mesti menang. Iyo mesti lek main iku harus yakin, lek gak ngono tambah kalah'an, durung dulin rekenane kan wes kalah disek atine mbak, ngono iku.
- P : Mas saben dina'e kepikiran tentang main terus opo gak, mas?
- SN: Yo 'ben dina yo mesti kepikiran, mbak. Pikiran yak opo carane isa menang iku, ngono tok, 'ben dina! 'Ben dina pikiran.
- P : Saben dina?
- SN: Iyo.
- P : Memang'e yak opo carane menang, pikirane mas yak opo?
- SN: Yo saiki...umpamane aku dulinan opo...dulinan kartu, kok kalah'an yo to?, mesti didelek'i, kalahne iku sing salah aku opo musuhne sing licik'an, nah ngono. Lek umpamane aku sing salah, musuhne sing ancene lebih hebat, ngono iku nyusun mbak, terusan mbak. Nyusun... Iyo dadi umpamane musuhne nang ngarepku ngono iku, aku iku ndolek kanca, ndolek kanca tak kongkon ndek mburine ngomong'i, mek ngode...gak isa lek ngomong'i ketemon, ngode biasane ngono iku mbak, lek kartune luwih cilik umpamane ngono...nggawe kode, lek ngono aku baru wani, ngono tok. Lek umpamane

doroan...umpamane kene kalah'an, opo'o dorone kalah'an, iyo mbak?, engkok diajari sek pancet kalah, di-ngene'no sek pancet kalah, disekolahno mbak.

P : Disekolahno yak opo?

SN: Disekolahno...dadi kayak digowo nang wong pinter iku lho, mbak.

P : Dukun?

SN: Iyo...digowo nang nang pinter ngono iku. Ben no doro'e kene iki banter, tek'e musuhne dipageri, dadi ngkok mbulet ae nang kono iku, ngkok tek'e kene wes kenceng, tek'e musuh'e mbulet ae. Biasane tapi lek ngono iku biasane totoan'e gede, mbak. Mesti onok jeragan'e ngono iku.

P : Seng ngebosi?

SN: Iyo, onok sing ngebosi. Saiki lek totoan'e mek satus ewu-rong atus ewu, rugi nang dukun'e, mbak.

P : Selama mas main judi, mas tau nggak mandek main?

SN: Sampe saiki gak tau mbak, aku mbak.

P : Gak tau mandek?

SN: Gak...gak tau! Gak tau mandek aku.

P : Mas lak dikongkon mandek ngono, yak opo mas?

SN: Yo gak isa, mbak. Wes...wes kenak'en dulin e, mbak. Wes gak enak...atine iku sing isa yak opo ngono iku, mbak.

P : Ati e yak opo?

SN: Yo...angel mbak ngono iku, mbak. Wes kebiasaan e wong 'ben dina'ne ngono dikongkon mandek jegreg ngono yo gak isa, yo podo ambek wong rokok'an lho mbak mosok dikongkon mandek jegreg langsung isa...yo gak isa.

P : Lha mas tau nyoba gawe gak maen opo gak?

SN: Gak tau mbak, sampe saiki gak tau aku nyoba. Gak tau.

P : Mas onok sengaja nutupi teka wong liya gak...lek mas iki main...main judi?

SN: Yo paling nutupi teka bojo karó anakku tok mbak ngono iku.

P : Opo'o mas?

SN: Lho lek ketemu bojoku yo isa...ngamuk mbak, wong belanja ae kadang onok kadang gak onok, yo uripe wes susah kok digawe dulin...yo tambah ngamuk mbak. Teka anakku ngono...yo jok sampe lha mbak, anakku isa ero ngono iku, masih'o bapak'e ngene...kabeh wong tua lak gak gelem anakk'e melok-melok ngono iku.

P : Lha mas lek oleh duek judi...terus sebagian dikek'no gawe rumah tangga ngono iku, bojone gak anu...

SN: Gak...gak ero, ojo sampe ero, mbak...dadi yo pinter-pinter'e kene, yo ngomong iku duek entuk teka ceperan ta, dikongkon jeragan lapa...ngono! Gak...gak wani mbak aku ngomong lek iku menang teka main, gak wani aku.

P : Mas tau njaluk bantuan ambek sapa mas lek lagi butuh duek ngono...gara-gara main?

SN: Yo...ban...bantuan yo karo arek-arek iku mbak. Yo duduk bantuan mbak wong jenenge...opo...mbayar kok, yo jenenge ngutang mbak. Lak bantuan iku lak gak mbalekno mbak yo?, wong jenenge ngutang mbalekno

e...kadang umpamane utang'e sepuluh ewu dijuluk'i sewelas ewu opo rolas ewu. Iyo mbalekno e ngono.

P : Dadi bantuan yo ngutang iku yo, mas?

SN: Yo duduk bantuan mbak, yo utang ancene!

P : Mas tau gak duwe masalah gara-gara main judi?

SN: Sampe saiki gak tau mbak aku mbak, untung'e gak tau mbak

P : Lha lek ngelakuno perbuatan sing ngelanggar hukum gara-gara main?

SN: waduh...ojok sampe mbak iku maneh mbak, gak gak tau aku..... Ojok sampe mbak, sak umur-umur ojok sampe.

P : Mas lek...lagi duwe masalah ngono suka main gak mas, main judi?

SN: Aku lek duwe masalah tambah kepingin dulin tok mbak.

P : Pingin dulin?

SN: Iyo...masalahne lak kene dulin ngono iku kan isa lali ta mbak ambek masalah'e iku, dadi pikiran'e kan ilang, dadi pikiran'e kan wes seneng tok pokok'e, ngono.

P : Masalah opo ae biasane mas...sing isa mas lali'no ambek main?

SN: Yo kebanyak'an seh masalah rumah tangga mbak, ngono iku mbak. Masalah ambek bojo iku, rumah tangga dadi...mboh mbayar duek'e sekolah anak telat, opo blanjane bojo kurang ta yak opo...ngono, engkok dijuluk-jaluk'i opo ta opo...wes karuanne nyengkre mbak teka omah mbak.

P : Lha mas gak tau ta nyoba ngelali'no masalah iku ambek sing cara liya, gak ambek main?

SN: Gak tau mbak, soale kebiasaan mulai ndisek iku ngono, dadi lek wes onok masalah...wong gak onok masalah ae dulin yo mbak yo?, opo maneh onok masalah, masalah kan pikiran'e judeg mbak ngono iku, dadi lek main ngono isa...isa plong ilang ngono.

P : Lho memang tujuan'e?

SN: Ancene tujuan'e tambah tak gawe ngono, soale gumbul arek-arek kan enak, isa seneng, isa cekikik'an-cekikik'an, mari ngono ngombe lha lak ilang mbak masalah'e. Mboh maneh lek mene'ne tangi yo mboh...eling maneh ngono iku terusan.

P : Arek-arek iku, arek-arek sapa... sing main iku ta?

SN: Iyo, yo arek-arek cangkruk'an iku mbak

P : Mas sering ta nyangkruk ambek kanca-kancane mas?

SN: 'Ben bengi mbak, ben dina...iyo. Tepak'e bengi iku wes metu wes onok, kabeh wes ngelompok ndek kono.

P : Hubungan'e yak opo mas ambek kanca-kancane iku?

SN: Ambek arek-arek yo wes apik mbak, tambah kayak dulur. Kayak dulur ambek arek-arek iku, rekenane kan susah seneng iku bareng rekenane.

P : Lek pas nyangkruk ngono iku yak opo mas rasane, perasaan'e mas iki yak opo?

SN: Yo seneng to mbak atine mbak, saiki nang omah umpamane judeg pikiran'e yo, metu ngono arek-arek ngejak guyon, ngejak opo...yo, dulin-dulin, yo wes seneng tok pokok'e isine ngono iku mbak. Dadi wes gak onok pikiran liya ngono nggak onok.

P : Sing diomongno opo ae mas, lek mas lagi nyangkruk?

- SN: Yo macam-macam mbak, yo tentang rumah tangga, yo tentang main, yo wes uakeh mbak. Gak ngono lek tepak'an arek-arek gak onok sing dulin kabeh, gak onok sing gelem dulin, yo? Nyangkruk...biasane ngomongno bal-bal'an.
- P : Bal-bal'an?
- SN: Iyo, bal-bal'an iku, biasane ngono iku lek malam minggu iku...iku biasane mbak iku...dadi totoan bal-bal'an iku, biasane gelem arek-arek iku.
- P : Oh...bal-bal'an iku digawe totoan?
- SN: Iyo onok mbak, onok...onok totoan'ne bal-bal'an iku.
- P : Bal-bal'an?
- SN: Iyo, bal-bal'an iku, biasane ngono iku lek malam minggu iku...iku biasane mbak iku...dadi totoan bal-bal'an iku, biasane gelem arek-arek iku.
- P : Oh...bal-bal'an iku digawe totoan?
- SN: Iyo onok mbak, onok...onok totoan'ne bal-bal'an iku.
- P : Mas dewe kenal judi iku teka endi...teka sapa?
- SN: Ndisek aku kenal judi iku pertama kali mbak yo, iku...tepak'e STM.
- P : Oh...pas sek sekolah?
- SN: He...ehm...yo mek ero mbak, duduk...duduk kenal ngono duduk, yo mek ndelok ndelok-ndelok ndelok, ngono tok lho mbak. Baru temen-temen dulinan judi iku yo tepak'e aku ngekost nang kene iki. Ndisek iku mek ero...sekedar ero...duline ngene-duline ngene, ngono tok. Lha tepak'e wes kost nang kene rumah tangga dewe, metu bengi-bengi nyangkruk-nyangkruk kok nontok'no wong-wong dulin iku kok asik, yo to? arek-arek'e enak...iku baru mulai njegur. (ambil rokok)
- P : Mas lek ngganggu ngono iku digawe main ta yo an, mas?
- SN: Yo nontok-nontok mbak, ngganggu'e iku nang endi, ngganggu'e nang endi jam pira, lek umpama...
- P : Maksud'e nang endi jam pira iku...
- SN: Lha sakiki umpamane ngganggu'e tepak'e jam'e kerja yo nggak isa to mbak, yo nggak wani aku main.
- P : Mas ndek kantor nggak main?
- SN: Gak...gak wani mbak, ngkok ketemu jeragan isa dimetu'no aku. Gak wani. Tapi lek wes pas wayane mulih wes ngganggu nang omah ngono iku yo...dulin mbak, tapi lek wayane jam kerja yo nggak wani mbak.
- P : Lha lek ngganggu nang omah iku, opo'o kok digawe main?
- SN: Yo wes kebiasaan mbak, ngono iku mbak. Gak metu teka omah iku rasane gak enak ngono iku lho mbak.
- P : Gak digawe sing liyane, yo meskipun metu teka omah?
- SN: Yo yak opo...sakiki kape...kape lapa maneh mbak wong gak onok keahlian liya maneh yo? Gak onok keahlian liya maneh wes enak'an nyangkruk ae ambek arek-arek terus dulin. (batuk, menyalakan rokok)
- P : Mas, lek menurut'e mas iku selama mas main judi iki yak opo pengaruhe ambek keuangan'e mas?
- SN: Yo nggak onok pengaruhne, mbak.
- P : Gak onok pengaruh...?

- SN: Gak onok, gak onok pengaruhne. Yo aku dewe yo sadar judi iku...jenenge judi lha mosok isa nggarakno wong sugih ta mbak, cuman kene iki lak wes kebiasaan tok ngono tok lho mbak
- P : Dadi memang'e mas main iku gak...
- SN: Gak isa lah, wong jenenge judi iku yo duek panas mbak.
- P : Duek panas iku yak opo?
- SN: Yo duek panas, iku lak rekenane entuk'e cepet ngkok entek'e yo mesti cepet ngono iku
- P : Dadi gak isa gawe nambah...
- SN: Gak isa! Halah...nambah-nambah'o yo titik-titik tok mbak.

## Sesi II

- P : Mas kan bilang kalo...apa...mas itu kan keuangannya gak cukup ya untuk kehidupan sehari-hari...eh...pengeluarannya mas banyak itu kan buat kost-kostan, buat bayar uang sekolah...itu sebulan mas bayar kost berapa, mas?
- SN: Mbayar kost'e nggon-ku to mbak? Kost'e iku satus seket, engkok lek umpamane banyu ngono iku, nggawe banyu iku sak ulan iku kongkon nambah limolas, lek listrik...listrik'e sakjane yo termasuk kost-kost'an iku cuman lek duwe tv opo radio ngono iku kongkon nambah limolas ewu biasae.
- P : Selain buat kost sama uang sekolahnya anak, buat apa lagi mas?
- SN: Yo gawe sehari-hari mbak, sak hari-hari iku gawe bulanan iku...gawe mangan, gawe ngono tok ae mbak.
- P : Mas kalo gak cukup kan...mas bilang ngutang ya? Itu ngutang sama sapa mas?
- SN: Yo ngutang karo arek-arek iku mbak...arek-arek, karo tonggo, yo wes pokok'e sing isa diutang'i mbak.
- P : Nah...ngutang gitu cara ngembalino'e yak opo mas?
- SN: Yo engkok lek menang main iku baru dibalikno.
- P : Lek kalah?
- SN: Lek kalah yo dijanjen-janjeni ae mbak, dijanjeni opo ngenteni bayaran.
- P : Lho mas ngutang itu buat main juga apa nggak?
- SN: Lho yo digawe main iyo, digawe sedina-dina iyo mbak. Tapi lek digawe main biasane iku aku yo gak ngomong bojoku.
- P : Mas kemarin bilang eh...punya barang kayak radio, terus sepeda, terus tv cilik-cilik, itu tv-ne mas itu ada berapa?
- SN: Yo mek siji mbak, cuman cilik ngono lho maksud'e. (tertawa)
- P : Dadi satu ya?
- SN: He...ehm! Iku ae entuk ngredit kok mbak...jek ket lunas kabeh.
- P : Mas kan main judinya lebih dari satu ya? Itu selain kartu, doro, togel sama sutil, mas kan bilang kan wes uakeh...isa disebutno lagi nggak?
- SN: Yo doro'an barang ngono iku mbak.
- P : Yo selain doro?
- SN: Doro, dingdong...yo uakeh...gaplek barang, iku mbak.

P : Lho tapi dari semua...lho mas iku maksud'e bisa semua iku?

SN: Isa...lek dulin kabeh ngono isa.

P : Lha sing paling sering?

SN: Sing paling geleg iku mbak? Sing paling geleg yo doru'an mbak...doru'an karo kartu tok. Pokok'e buyar doru'an yo kartu.

P : Setiap hari?

SN: Iyo!

P : Lho yang paling sering iku...berarti itu apa karena mas suka ato apa karena apa? Kok maksud'e kok doru sama kartu itu kok lebih sering?

SN: Yo soale loro iku sing paling enak mbak, sing paling enak iku maksud'e kayak...yak opo yo...jarene wong-wong iku onok seni'ne ngono iku lho mbak.

P : Memang seni'ne yak opo?

SN: Lek umpamane kayak doru'an ngono iku kan...pertama kayak ngajar-ngajari'ne...ngajar-ngajari'ne sampe isa pinter, ngono yo? ado, engkok lek wes ditarungno sampe dorone njungkel-njungkel ngono iku mbak, iku seni'ne nang kono...dadi isa apik, sampeyan gak tau ndelok mbak, engkok mari ngene iki lho ndelok, kene kan mari ngene onok totoan, iku isa ketok umpamane lek melip-melip ngono doru'ne...uapik mbak, isa mulet-mulet ngono doru'e.

P : Lha kalo kartu seni'ne opo mas?

SN: Kartu seni'ne iku yo kadang lek mbujuk'i arek-arek iku mbak, seni'ne iku nang kono...lho lek dulin-dulin biasa ngono iku yo wes ngono iku, biasa to mbak yo, tapi lek umpamane kene duwe kanca isa dijak anu'an...opo yo kayak gawe bolo'an, iku cara mbujuk'e iku lho, seni'ne iku nang kono mbak. Dadi engkok de'e sing isa ngintip'i kartune musuh-musuh, terus ngek'i kode-kode...ah iku seni'ne kan ndek kode iku mau. Yak opo carane arek-arek ojo sampe ero.

P : Memang kode'ne iku yak opo mas?

SN: Lho kode'ne iku sak durung'e ngono kene iku janjian ambek bolo'ne mbak, bolo'ne kene dewe, dadi kode iku mboh...lek kartune kono luwih cilik, iku ketip...ketip pisan ta ketip pindo, ngono iku janjian, gak ngerti umpamane kartune luwih gede...mboh garuk-garuk ta, ngono lho...uakeh, dadi tergantung janjian'e mbak, gak ngerti...watuk barang iku yo isa digawe kode, kayak ngono-ngono iku.

P : Mas kemarin kan bilang main judi'ne iku saben dina, gak tau absen yo? Memang'e mas gak onok kerja'an liya ta?

SN: Gak onok yo mbak yo.

P : Setelah pulang kerja itu...

SN: Iyo...gak onok, soale yak opo mbak, gak onok keahlian liya e mbak.

P : Lho memang'e mas judi sepulang kerja itu karena itu tadi?

SN: Yo duduk mbak, kadang iku lek nang nggone kerja'an ngono iku mbak yo pikiran'e iku kepingin lhang cepet mulih ngono lho mbak, pingin lhang cepet mulih...yo iku...nggumbul iku mau, kayak lek umpamane doru'an iku lak dulin'e iku lak kadang mulai isuk sampe sore to mbak, sampe surup-

surup iku lho...lha iku...dadi lek bengi kan gak isa dulin. Biasane dina-dina prei ngono iku rame mbak.

P : Lho prei minggu ta?

SN: Dina prei, yo mboh...minggu. mboh rioyo, pokok'e sing tanggalan abang iku lho mbak.

P : Mas, waktu kemarin aku tanya, mas gak cukup kok malah digawe main, mas kan njawab'e "Yak opo mbak, jenenge wes ngene, masih'o cukup gak cukup yo wes kebiasaan, wes kadung enak e mbak". Lha maksud'e jenenge wes ngene iku opo mas?

SN: Wes ngene iku...yo yak opo yo mbak yo, onok gak onok duek iku wes kebiasaan dulin mbak, wes kebiasaan. Dadi onok gak onok yo wes gak onok beda'ne ngono iku lho, onok gak onok...kene dewe kan yo ngerti...kene dewe wong gak duwe yo? Dadi onok gak onok iku rekenane gak...gak onok anu'ne...gak onok...yak opo yo...kayak perubahan'e ngono iku lho mbak.

P : Lha maksud'e kadung enak iku yak opo mas?

SN: Yo kadung enak iku biasane kan kene mikir enak-enak'e iku...enak nggumbul'e, enak lek umpamane menang'e, yo kayak ngono-ngono'ne tok iku enak'e.

P : Lha menarik'e main judi dewe bagi mas iku opo?

SN: Menarik'e? Yo menarik'e iku lek onok seni'ne mbak, onok seni ngono iku lho, dadi kayak siji-siji kene dulin opo onok tantangan'e, siji onok opo, onok tantangan'e siji-siji ngono lho! Kene iku lak kepingin dadi juarane terus a mbak, yo iku tantangan'e iku kan ndek kono.

P : Dadi menariknya itu...

SN: Iyo! Sakiki kene lek juara iku otomatis arek-arek iku lek kape nganu ambek kene iku rada...rada yak opo yo...rada...eh...rada nge-per titik ngono lho mbak. Dadi umpamane kape main ambek kene iku rada-rada nge-per ngono iku lho...yo rada diwedeni ngono iku lho mbak.

P : Diwedeni iku maksud'e yak opo mas?

SN: Yo diwedeni iku lak...umpamane onok wong kape dulin ambek kene yo, iku lak wes anu...wes kacrek disek'an to mbak. Nah engkok kadang kene iki umpamane onok wong sing duwe duek...duwe duek iku kene di-bon.

P : Di-bon?

SN: Di-bon iku kayak disewa ngono lho mbak, kongkon dulin nang nggon liya cuma dibondo'i ambek de'e iku mbak, karo sing duwe duek iku dibondo'i...dibondo'i gawe main iku, engkok pembagian'e iku separo-separo lek menang iku. Biasa'e lek bondo'i ngono duek'e rada gede. Iku onok...sing duwe-duwe duek iku, biasane ngebon-ngebon ngono iku.

P : Mas kalo main judi gitu, sing mas rasa'no iku yak opo mas?

SN: Perasaan'e ta mbak? Perasaan'e yo tegang mbak.

P : Tegang?

SN: Iyo tegang perasaan'e.

P : Mek iku tok, tegang iku?

SN: Yo justru sing...tegang iku sing nggarakno asik iku yo tegang'e iku lho mbak.

P : Asik maksud'e yak opo mas?



SN: Asik iku yo...yak opo yo...sing nggarakno uwong iku kepingin mbaleni...mbaleni-mbaleni maneh yo teka asik iku mau.

P : Mas kemarin kan bilang kalo kalah main iku tambah panas. Tambah panas iku maksud'e yak opo mas?

SN: Tambah panas iku kayak ehm...(batuk)...kene umpamane kalah, yak opo carane kene iku mesti isa mbalekno duek modal'e disek, duek modal'e kene disek, yo kan? Sukur-sukur iku kalah...kene umpamane kalah, umpamane kalah limang atus dilipetno dadi sewu, yo? Dilipetno dadi sewu, kan pikiran'e kene ngene, lek umpamane kene menang kene sek bati limang atus, ngono!

P : Lha lek kalah, lek ternyata kalah maneh?

SN: Yo iku...aku lak mau ngomong yo mbak yo...pokok'e iku sing pertama kali dipikir...iku yak opo carane mbalikno duek bondo, mbalikno duek bondo disek iku, engkok lek sek tetep kalah-kalah ae yo mandek disek mbak...mandek disek, mboh ndelek musuh liya'ne ta, opo ngelamar-ngelamar nggon-nggon liya, doro-doro liya iku lho, iku lek istilahne nganu kan ngelamar iku mbak, umpamane aku tarung ambek kene mesti kalah, mesti kalah, mesti kalah, yo jok ndelek sing musuhne luwih abot, ndelek musuhne sing enteng gawe mbalekno bondo'ne disek, engkok lek wes bondo'ne wes onok, wes ngelumpuk...baru dibaleni maneh.

P : Lha lek dibaleni ternyata sek kalah maneh?

SN: Sek kalah maneh yo...yo iku mau mbak, sakiki umpamane kayak doro'an, iku lek kalah...kene usaha. Dadi usaha'e dina iku...kene kalah yo mbak yo, bengi iku...mboh nang dukun ta nang endi, pokok'e disekolah'no ngono iku lho mbak, biasane seh disekolahno ambek arek-arek iku, mboh bekupon'e musuhne iku ditolop iku lho...lek jarene ditolop iku lho, ditolop iku kayak dikek'i kayak lempung ngono iku lho mbak, lempung ditolopno nang nggone bekupon'e...nah iku ben no lek doro'ne musuhne menclok nang bekupon'e de'e gak gelem menclok...keweden, ngono. Podo ae lek dulinan kartu yo ngono, lek musuhne luwih abot terus yo karuan'e mandek disek, ndolek musuh sing rada enteng, ba ba kono dulin disek, musuhne rada enteng baru kene main maneh. (batuk)

P : Lho mas kalo nyekolah'no doro'ne mdek wong pinter iku...iku kalo cuman waktu kalah'an tok opo...

SN: Biasane ngene mbak yo, (batuk) lek wes kene iku pisan nggowo nang wong pinter, otomatis iku kene nang wong iku terus. Dadi duduk pekara kalah ambek menang'e tok, kadang lek masih'o kene menang'an wong iku mesti melok kene terus, ngono lho...wong pinter iku...mesti melok kene terus iku, biasane soale lak dulinan doro iku mbak yo, dukun'e iku mesti teka ndek nggon'e...melok teka, cuman gak ngetoroi ngono lho mbak...gawe...gawe nggusak doro'ne musuhne, umpamane sing dipasang-pasang'i iku mau mbleset kabeh, gawe nggusak tepak'e de'e kape menclok nang bekupon'e iku lho, mboh atek jagung dislentik ta...opo ngono nyebul-nyebul ngono iku. Yo kadang berhasil kadang yo gak mbak ngono iku. Biasane ngono iku kuat-kuat'an dukun terusan. Ngono iku mbayar soale to...mbayar'e iku atek iku, lek menang baru...dibayar, lek kalah yo...

P : Lek kalah?

SN: Lek kalah yo gak mbak!

P : Oh...gak mbayar?

SN: Gak! Lek kalah paling yo nukok'no kopi karo rokok iku nang kono. (tertawa)

P : Mas kan bilang ya kalo biasa pake dukun iku kan onok sing ngebosi...

SN: Iyo, iku biasane wong-wong sing duwe duek iku mbak.

P : Sapa mas? Sapa wong sing duwe duek?

SN: Yo gumbulan...onok sing gumbulan, cuman uripe luwih mapan timbang kene-kene ngono iku lho mbak, biasane mboh de'e iku duwe usaha dewe...ngono iku.

P : Nah...selain usaha disekolah'no iku, di-opo'no maneh biasae mas?

SN: Yo dijamo'ni, engkok lek sore iku lek mari tarung kan lek sore wes srengene'e wes gak onok ngono...kan diumbar mbak, dikek'i mangan...dikek'i mangan iku lek wes melbu kabeh engkok siji-siji iku diadusi...biasane sing...sing gawe tarung-tarung tok iku, iku diadusi...diadusi karo banyu anget iku lho mbak, dadi kayak wong dipijet ngono iku lho, diuruti siji-siji lar-lar'e iku diuruti...iku ben no sehat maneh.

P : Mas kemarin waktu...opo...bilang kan menang ambek kalah iku lak nontok-nontok to mas?... Nontok-nontok musuh'ne iku luwih pinter, iku maksud'e luwih pinter iku yak opo mas? Main sing endi?

SN: Yo nontok dulin'e mbak, lek umpamane dulin'e kartu ngono iku yo, luwih pinter iku maksud'e luwih pinter nggedak ngono iku lho...gedak-gedakan'e iku lho mbak, dadi umpamane kene duwe kartu iku jumlah'ne wolu, umpamane jumlah wolu, de'e mek jumlah'ne mek papat...lek de'e luwih wani nggedak'e timbang kene...yo kene sing mundur, ngono lho. Iyo... Terus lek kayak dulinan doru, pinter iku lak duduk pinter'e wong'e mbak, iku lak pinter-pinter'e doru'e...lek doru'e luwih pengku yo...gak isa diseret ngalor-ngidul yo...biasane menang'an, ngono.

P : Lha pengku iku opo to, mas?

SN: Pengku iku kayak ngene lho mbak...sakiki biasane cul-culan'e nang endi, nang daerah endi...iku biasane metune iku nang etan mbak...nang daerah etan ngono iku...onok, dadi biasane iku nang etan kabeh wong iku mesti ndelok'e nang arah etan...biasane iku nang kono. Lha lak musuh'ne pinter iku...doro'ne iku pinter yo, doru'e kene iku isa digowo ngalor, pas nggone ndukur'e omah'e de'e. Dadi yak opo-yak opo kene umpamane doru'ne njungkel-njungkel, buanter'e sak pira...lak luwih cedek'an kono ta mbak?...yo jarak'e lak luwih cedek'an kono, yo menang kono.

P : Mas kan bilang ya kalo saben dina'ne iku cangkruk ambek wong sing main. Opo'o mas, kok maksud'e mas iki milih nggumbul, cangkruk'an ambek wong sing main?

SN: Yo wong-wong iku lak cedek'e omah to mbak, nggon-nggon'e kan yo cedek'e omah, sakiki lek cedek'e omah...dadi kene metu titik kan ketemu ambek wong-wong iku, nang endi ketemu ambek wong-wong iku, yo to mbak? Lak luwih raket. Saiki kene nang nggone liya, durung tentu isa luwih raket timbang wong-wong iki, ngono lho mbak.

P : Lha ceritane yak opo sampe raket iku?

SN: Yo teka...ndisek iku kan saking pindah kene iki kan metu-metu, metu-metu, ndelok kok akeh wong nggumbul-nggumbul terus cekikik-cekikik'an, ndelok...ndelok-ndelok ngono iku yo, onok sing kenal siji-loro ngono mbak, tonggo-tonggo pinggir-pinggir'e tok ngono iku lho. Yo iku terus ndelok-ndelok...kok apik, akhire melok dulin. Pertama'e nyoba-nyoba.

P : Pertama kali main judi iku nyoba-nyoba?

SN: Iyo...pertama'e nyoba-nyoba...terus keterusen mbak.

P : Sampe saiki?

SN: Sampe saiki!

P : Lha cerita'e pertama kok isa main judi iku yak opo?

SN: Mulai awal mbak?

P : Iyo.

SN: Lho ero'ne kan pertama kali kan tepak'e sekolah ndisek mbak, teka sekolah ndisek iku mek...yo lek pelajaran kosong iku lho, jam-jam kosong iku lho...iku kan arek-arek onok sing nggawa kartu, yo iku main, ndelok-ndelok, kok asik-asik ngono lho arek-arek'e, yo mbak? Yo wes sekedar isa-isa'an tok lah ndisek iku mbak...sekedar isa-isa'an tok. Mari ngono...suwih...wes metu teka sekolah nyambut gawe, nyambut gawe terus aku, mari ngono kan aku rabi mbak, mari rabi aku terus kan ngekost, mari kost iku...yo iku terus lek bengi tepak'e sek nang njero kost-kost'an iku, nang omah...kok akeh wong opo...wong-wong rame-rame iku lho mbak, rame-rame iku nang ngarep kono iku kok akeh wong rame-rame, pertama'e seh gak ero...ndelok-ndelok, tak intip-intip tok teka jendela, wong jenenge pndatang mbak yo? (batuk) Mari ngono terus metu, metu...lapo seh? Kan kepingin ero lapo arek-arek iku, arek sek enom-enom yo sak pantaran aku ngene, onok sing nisorku. Parani ndelok...ndelok ngene terus omong-omong'an ambek tonggone kost-kost'an iku sing barengan...lho dulinan...dulinan kartu! Ndelok-ndelok sek mbak, ndelok-ndelok sek iku biasane iku akeh...akeh cikikikan'e timbang dulin'e, dadi dulin iku yo ambek cekikik...'an ae karepe dewe, kayak wong sempel e. Yo iku, terus ndelok-ndelok-ndelok,...kok onok duek, tepak iku ndek kantong onok duek titik-titik, emboh rong ewu ta pira ngono iku lho, nyoba-nyoba dulin mbak...nyoba-nyoba dulin kok menang, main! Menang iku tak main terus mbak yo...main terus. Mari ngono, gak suwih...ludes! Duek'e ludes! Mari duek'e ludes, karo tonggoku iki aku disilih'i...lha aku gak nyele, asli'ne iku gak nyele, mek ditawani ngono lho mbak...ditawani. Aku pertamane gak gelem, wong aku ndisek iku duduk wong main, mbak yo? Gak gelem! Engkok bingung mbalekno'e ngono iku. Mbalekno'e kan ngono iku...terus dipeksa "Wes gak po po, gak po po, gawe mbalekno modal...sing ngene...ngene...ngene", yo wes kepeksa, yo to mbak yo pertama. Kepeksa... main, main maneh kalah...kalah...kalah, akhire kalah temen mbak. Kalah temen terus mulih. Terus yo wes...wes mandek lah, mandek sek, mandek sek...terus njanjeni ae iku, nang tonggo iku, "Engkok lek bayaran...anu...tak balekno duek'e". Tiba'no mene'ne kan aku kerja iku kan kepikiran, pikiran iku yak opo mbalekno duek'e iku mbak, (batuk) yak opo mbalekno duek'e. Terus wes mari kerja...mulih, ndelok arek-arek dulin

maneh...aku iku terus duwe pikiran ngene mbak “Wes tak dulin ae gawe mbalekno iki ne disek”, pikiranku gawe mbalekno opo...utang’e iku lho mbak. Duek’e yo teka duek’e bojo, mboh ngomong...ngomong gawe opo-gawe opo, ngono iku lho...mbujuk’i sek mbak, gak lidok menang! Yo iku terus kebiasaan...sampe saiki akhire.

P : Terus lanjut terus?

SN: Lanjut terus!

P : Gak tau mandek yo?

SN: Gak tau, mbak!

P : Ehm...mas kan kalo main iku lak biasane seratus persen yakin pasti menang, kok isa mas?

SN: Lho kabeh wong dulin iku harus yakin mbak, dadi ati iki ditatak-tatak’no ngono lho mbak. Pikiran’e kene iku, umpamane kayak dulinan kartu, yak opo carane iku pinter-pinter’an ngedak, gedak-gedakan’e iku luwih pinter’an endi, ngono mbak. Harus yakin! Masih’o dorongan barang iku lek mari disekolah’no, harus yakin menang iku yo an. Isine lek mari disekolah’no iku wani tok mbak tambah’an, wani tok tambah’an lek dorongan mari disekolah’no iku wani tok isine, onok duek pira ngono iku dikabeh-kabeh’no mbak.

P : Eh...mas kan bilang kalo gak isa mandek main yo to?

SN: Iyo!

P : Eh...kan mas ngomong kan atine sing isa yak opo. Nah iku yak opo maksud’e mas?

SN: Yo atine iku kayak gak enak kabeh iku lho mbak.

P : Gak enak kabeh yak opo?

SN: Gak enak iku kayak...yak opo yo...kayak...kayak wong lek...ngene ae lho mbak...gampang-gampang’an’e ngene lho...umpamane sampeyan kebiasaan ngerokok yo, mari mangan terus rokok’an, terus mari ngono sampeyan mangan...mari mangan gak rokok’an, lak kayak gak enak a mbak. Soale kan wes kebiasaan to mbak ngono iku. Yo iku...dadi onok sing ngganjel ngono iku lho.

P : Ndek atine?

SN: Iyo...kok onok sing kurang, biasane ngono kan...biasane ape nang kene mesti lewat kene, kok iki mari...mari ngono diganti, engkok ape nang kene kok gak ngelewati iki, langsung nang kene, kok isa... ngono kan gak enak mbak, kurang ngono iku. (tangan membuat peragaan di tanah)

P : Eh...mas dewe sebenar’e tau gak kepikiran gawe mandek main?

SN: Sampe saiki seh gak tau mbak yo.

P : Gak tau kepikiran?

SN: Gak tau blas kepikiran. Biasane mikir’e iku mikir menang’e tok tambah’an mbak.

P : Gak tau mikir mandek?

SN: Gak tau mikir mandek’e.

P : Pengaruh’e mas main judi iki gawe rumah tangga’e mas, yak opo mas?

SN: Pengaruhne yo...yo titik-titik’o yo onok mbak yo. Titik-titik tok onok, yo isa nggarakno wong gegegan...iyo, gegegan’e iku biasane pekarane nang duek.

P : Ambek sapa?

SN: Yo karo arek wedok iku mbak, bojoku. Engkok pekara duek iku lak...kadang duek'e tak jupuk ngono iku gak ngomong, engkok moro diarani...rame. Yo wes ngono iku mbak, kebanyakan ngono.

P : Lha lek misale masalah gara-gara main lek ambek kanca?

SN: Opo'o mbak?

P : Tau?

SN: Gara-gara kanca opo'o?

P : Gak, maksud'e mas iku tau gak duwe masalah gara-gara main, masalah'e ambek kanca?

SN: Oh...yo...yo gelek seh mbak, lek ngono iku gelek, yo gak aku tok. Biasane lek wong main ngono mesti mar...karo kanca ngono mesti onok ae, tau, pisan pindo ngono iku wes tau lah. Pisan pindo iku yo umpamane kayak pembagian'e kurang, yo...gak ngono licik'an, dulin'e licik'an, yo kayak aku ngomong mau iku lho mbak, lek...lek pas dulinan kartu iku kode-kode'ne moro-moro ketemon, ah...iku lho,iku... engkok iku ruame...rame'ne iku medeni mbak.

P : Yak opo?

SN: Lho isa antem-antem'an, pertama eker-ekeran disek mari ngono antem-anteman dewe isa'an.

P : Terus?

SN: Yo engkok onok sing anu'no...damai'no ngono onok mbak. Damai'no iku engkok kene kongkon nempui ping pira, iku. Soale sing dirugino lak duduk wong siji tok iku a mbak rekenane. Lek umpamane kayak doru'an iku yo uakeh...dadi kayak disawit, terus eh...biasane mbayar'e kurang. Dadi umpamane totoan'e rong atus opo telung atus, musuhne iku wes ngomong ya...yo...ya...yo, tiba'no mbayar'e mek satus seket, mek rong atus, ngono tok lho mbak, ngono.

P : Lha disawit iku opo mas?

SN: Disawit iku ngene lho mbak, dadi kene...musuh'ne iku duwe doru, ules'e iku podo kabeh.

P : Ules?

SN: Ules iku keler, keler'e ngono lho mbak, kayak gambiran...gambiran iku coklat, nah...keler'e iku plek kabeh, dadi coklat...coklat kabeh, umpamane endas'e onok plontang'e si...sitik, plontang'e iku kayak...kayak onok putih-putih'ne sitik ngono lho...endas'e siji, iku de'e duwe doru iku sing kembar, cuman sing siji iki sing wes ancene diajari adoh, sing siji iki sing gak kenek endi-endi, tepak'e di-cul, sing gak kenek endi-endi iki sing di-cul adoh mbak, sing gak kenek endi-endi iki, lha sing kenek adoh iki di-cul cedek-cedek. Ngono iku biasane wes main HP-HP'an mbak ngono iku.

P : He...?

SN: Main HP.

P : HP?

SN: Iyo, handphone-handphone'an ngono. Iku lek totoan'e gede-gede'an iku sawit-sawit'an iku gelek. Dadi musuh'ne ngeculno...ambek kene kan ngeculno, yo to? Tuger-tuger'an tali,kan onok ngono iku tuger-tuger'an tali,

terus doro'ne musuhne iku nglibet ae nang kono kan gak ngerti dalan'e mulih to mbak, tek'e kene kan ketokan'e kayak wes ninggal ngono lho, mulih disek. Lha tutuk omah, tarung...lha kok isa tek'e kene sing kalah ngono lho, ngono. Iku mesti...mesti ketemon lek ngono iku mbak, soale gak masuk akal lek ngono iku, gak masuk akal, soale gak masuk akal'e iku biasane mbleset'e teka tali iku mau, tucker-tukeran'e tali iku mau mbak.

P : Tali yak opo?

SN: Lek ape tarung...doro lak ape tarung lak mesti...kene nggowo tali dewe keler'e biru, sing musuh'ne duwe tali dewe keler'e kuning, dicancang'no nang...opo nang nggone sikil'e lho, tucker-tucker'an, dadi engkok gawe nanda'i lek wes teka ngono lho mbak. Dadi engkok iku tali'ne sing dijupuk, bener gak iki doro'e, ngono lho...ngono.

P : Lho, gawe handphone, mas'e duwe handphone ta?

SN: Yo gak! Yo tek'e arek-arek iku mbak. Biasane yo disilih-silih'i tok iku lek gawe...lek main licik'an iku tok.

P : Lha lek...lek masalah ambek kerja mas, gara-gara main?

SN: Lek kerja'an ngono gak tau mbak yo, masalah ndek kerja'an gara-gara main ngono nggak tau. Yo cuman biasane lak gara-gara main kegawa sampe kerja'an iku tau.

P : Yak opo?

SN: Dadi kerja iku aras-aras'en, soale mikir'i...yak opo main maneh engkok menang opo kalah? Gak ngono, lek yakin menang'an lhang kepingin lhang cepet mulih, dadi kerjaan'e iku kayak di-opo...wong kerjane iku kayak setengah ati iku lho mbak, lhang cepetan...lhang cepetan mulih ngono tok lho mbak. Tapi lek umpamane akeh utang'e, ojok mulih disek...ojok mulih disek, ngono.

P : Mas kan gak gelem anak'e ero yo, melok-melok main?

SN: Ojok sampe mbak! (batuk)

P : Iku opo'o mas?

SN: Yo yak opo yo mbak yo...masih'o kene kayak ngene mbak yo, kayak dulin ngono iku...ojok sampe lah sing jenenge anak iku terus melok'i bapak'e, engkok melok-melok dadi wong dulin...dadi wong anu...a lek isa kan luwih pinter a mbak, ngono iku.

P : Lho memang'e judi dewe gawe mas'e iku yak opo seh, apik opo...

SN: Lho aku ngono yo ngerti mbak lek jenenge judi iku yo elek to mbak. Yo mesti ngerti elek, cuman kadang iku lek kene wes dulin...kene wes dulin, sing jenenge pikiran sing aneh-aneh iku kene iku lali mbak, kene wes lali. Dadi tepak'e gak dulin ngene iki...ero, lek iku jenenge elek iku ero, tapi lek wes...

P : Tapi kok sek dilaku'no?

SN: Tapi lek wes kadung dulin, iyo...wes kadung dulin, kasik'en lali wes an. Lali...lali iku jenenge apik opo elek lali wes an. Pokok'e sing ngerti aku dulin, ngono tok!

P : Lha judi iku halal opo haram mas?

SN: Yo nontok-nontok mbak.

P : Nontok-nontok yak opo?

SN: Lho lek...lek agama yo mesti ngomong iku haram yo mbak yo? Tapi lek onok duek'e yo dadi halal to mbak, biasane kan ngono.

P : Kok isa?

SN: Lho iyo to mbak! Sakiki lek gak onok duek'e yo kabeh yo halal to mbak...eh haram! Tapi lek onok duek'e yo halal tok!

P : Dadi ndek pikiran'e mas lek onok duek'e iku...

SN: Halal! Yo kabeh ae lah mbak, takok'ono wong kabeh pokok'e dadi duek lak halal mbak.

P : Mas kan ngomong yo...opo...lek njaluk bantuan iku lak teka utang-utang ambek kancane iku, selain iku onok maneh opo gak?

SN: Yo gak onok mbak, yo wes iku tok. Duduk bantuan yo utang to mbak iku mbak.

P : Mas selama main iku tau kenek grebeg opo gak, mas?

SN: Lek kartu mbak, gak tau. Kartu gak tau, lek doru'an gelek. Gelek lek doru'an!

P : Gelek yak opo?

SN: Yo gelek kenek grebeg ngono, cuman biasane ngono iku onok...onok patroli polisi ngono mbak yo, sing teka ngono iku, lek kepingin gak kenek grebeg, umpamane...Polisi iku pinter-pinter mbak, dadi umpamane dina-dina prei ngono iku de'e wes nyanggong...nyanggong, sakjane ngono opo mbak, kepingin njaluk duek nang iku...ngono iku! Sing jeragan-jeragan sing duwe bekupon ngerti kabeh. Dadi umpamane nang daerah kene mbak yo, kene kan gede, kan bekupon'e uakeh, onok wolu ta onok songo kene iki mbak, ngono iku urunan gawe mbayar polisi iku mau.

P : Sering ta iku?

SN: Gelek mbak! Sak ulan lho isa ping pindo ping telu, gelek kayak ngono iku, yo polisi'ne gak njaluk langsung ngono enggak, yo pertama iku mek meneng tok ndelok-ndelok, ngono tok iku, "Rame?" Takok-takok ngono tok iku lho mbak, jenenge aku ambek polisi yo wes wedi, gak ero wes ngaleh ae mbak, cuman jarene arek-arek kayak ngono. Engkok lek de'e ngomong rame ngono iku wes ngerti'o mbak, njaluk...njaluk jatah ngono iku.

P : Lek misale gak dikek'i jatah?

SN: Gak dikek'i jatah yo iku mau, digrebeg'i, diangkuti kabeh mbak, diangkuti sak bekupon'e, sak doru'e, sak arek-arek'e...sak arek-arek'e. Kancaku ae tau kenek kapanane iku pirang dina ditebus iku njaluk pira...limang atus be'e...sak uwong.

P : Mas kan ngomong yo kalo lagi duwe masalah iku tambah pingin dulin tok, berarti kan pikiran'e wes seneng tok pokok'e. Seneng tok iku yak opo mas?

SN: Yo seneng tok, dadi pikiran'e iku rekenane kayak gak onok beban'e ngono lho mbak. Beban'e iku lak...kayak dulinan kartu, pikiran'e iku yo mek nang kartu tok to mbak, gak mungkin pikiran'e terus nang nggon'e liyane kan...gak mungkin, yo mesti kalah lek an ngono iku tambah'an, ngono. Lek dulinan doru kan pikiran'e iku kan ngene, "Kapan doru'ne teka...kapan doru'ne teka", mek ngono tok to mbak, dadi wes gak eling, opo maneh nek menang oh...tambah lali mbak. (menyalakan rokok)

P : Biasane kan opo...mas lek onok masalah iku lak main iku masalah rumah tangga yo mas?

SN: Iyo!

P : Iku masalah rumah tangga sing yak opo mas?

SN: Yo biasane duek belanja kurang...ngono iku lho mbak, mbayar duek'e anak kurang sekolah'e, kayak ngono iku. Biasa lah mbak, wong jenenge rumah tangga yo wes kayak ngono iku, masalah iku mesti onok, pisan pindo mesti onok. Gelek yo onok!

P : Hah...?

SN: Gelek masalah yo onok, yo gak tentu ngono iku mbak.

P : Mas kan ngomong kalo opo...duwe masalah ngono wes karuane nyengkre teka omah, lha mas'e nyengkre iku...yo memang'e bener nyengkre tapi gak main, gak ambek main ngono?

SN: Lek kebanyakan'an lek aku metu teka omah mbak, lek saiki iki mbak yo, lek metu teka omah, wes mari kerja ngono, kebanyakan'an iku akeh dulin'e timbang nggak'e mbak. Kebanyakan'an akeh dulin'e.

P : Kenapa?

SN: Yo wes 'ben dina'ne iku lho mbak, dadi wes 'ben dina'ne ngono...yo gawe ngilangno pikiran-pikiran, isa...

P : Mas kan tujuan'e kalo punya masalah main mas yo, kan mari ngono kan ngombe, terus opo...kan isa ilang yo masalah'e, mas kan tau ngomong, mboh maneh lek mene'ne tangi eling terusan. Berarti mas iku tau, maksud'e sering gak mas iku lek duwe masalah ngono metu, terus wes bengi turu tapi isuk'e eling maneh?

SN: Ngene lho mbak, saiki aku tepak'e njawab ngono iku mbak yo, iku lak kadaan aku iki sadar mbak, iyo? Lek sadar isa njawab ngono, lha tepak'e ancene bener-bener wes mendem, wes seneng-seneng ambek arek-arek, pikiran ngono iku wes gak onok, kape eling-eling maneh iku gak onok, ero'ne kan mek seneng'e tok, gak duwe pikiran mene eling maneh ngono gak onok mbak. Pokok'e pikiran tepak iku yo mek seneng tok, ngono lho. Lho lek sadar ngono sek isa...kene mikir gena ngono sek isa, tapi lek wes kadung mendem, wes...gak isa!

P : Kanca cangkrukan'e mas iku main kabeh ta?

SN:Yo onok sing dulin onok sing gak mbak. Sing nggak iku...biasane lek nyangkruk yo mek nyangkruk-nyangkruk ngono tok, terus gak suwih melbu, ngono-ngono tok lho, kayak wong ngisis iku lho mbak lek bengi. Sing 'ben dina'ne cangkruk kono yo ancene wong dulin kabeh iku.

P : Eh...sebenar'e judi dewe bagi mas'e iku sebagai opo?

SN: Yo gawe ndelek kanca...gawe...yo yak opo yo mbak yo...

P : Gawe ndelek kanca iku maksud'e yak opo mas?

SN: Gawe ndelek kanca ngene lho mbak, saiki lek wong dulin mbak yo... iku lak karo kanca-kanca iku isa kayak raket mbak, opo ae dibelani ngono lho mbak.

P : Memang'e lek gak main gak ngono ta?

SN: Liya mbak, hubungan'e iku liya, isa luwih reket iku lho mbak. Isa luwih reket lek karo arek-arek dulin iku isa luwih reket, engkok nganu diewang'i, opo diewang'i, meskipun kadang gak ngewang'i duek, mboh ngewang'i tenaga ta opo, ngono iku lho mbak, dadi wes gak onok itung-itungan iku gak onok.



P : Mas sing ngomong kalo duek judi iku duek panas, iku maksud'e duek panas iku yak opo mas?

SN: Duek panas iku mbak lek umpamane eh...sing kene entuk duek'e iku lak...duek teka main yo mbak yo, entuk'e lak rekenane lak cepet mbak, ngono iku, biasane ngono iku entek'e mesti cepet, mboh engkok onok ae, mboh gawe opo...gawe opo...gawe opo...iku entuk'e cepet entek'e iku cepet mbak, dadi ngomong lek disimpen ngono iku gak isa. Iyo...dadi wes panas iku lak...kayak banyu iku isa entek ngono lho mbak, sat iku lho, cepet sat'e yo an (tertawa) lek panas.

## LAMPIRAN C

### Verbatim Subjek Eni

#### Sesi I

P : Namanya sapa, bu?

SE: Eni, mbak.

P : Ibu umurnya berapa, bu?

SE: Umurku telung puluh taun, mbak.

P : Ibu sekolah terakhir'e sampe kelas berapa?

SE: Aku iki sekolah SMA kelas siji tok wes mutul, mbak.

P : Opo'o bu, mutul?

SE: Yo...wong tua-ku iku gak duwe biaya...gak mampu, dadi yo kelas siji tok.

P : Ibu iki bekerja opo gak?

SE: Aku gak kerja.

P : Lek suamine ibu kerja?

SE: Bojoku iku mbecak mbak, lha wong sekolah'e mek SD tok.

P : Lek selain suamine ibu...ndek keluargane ibu onok maneh gak sing kerja?

SE: Uh...yo gak onok mbak, soale anakku lho jek cilik-cilik.

P : Anak ibu sekolah?

SE: Iyo...sing gede iku SD kelas enam, ka...dadi...sing siji kelas papat ambek kelas telu.

P : Kalo usaha sampingan bu...usaha gawe nambah-nambah duek ngono onok gak, bu? Usaha lain maksud'e selain mbecak iku?

SE: Gak onok mbak, usaha lain yo iku aku melok-melok main konco-koncoku iku.

P : Lho...memang'e melok main iku isa gawe nambah duek ta, bu?

SE: Yo lek pas oleh ngono yo lumayan mbak, isa digawe nambah-nambah belanja.

P : Lho...duduk ibu gawe belanja gak cukup ta?

SE: Yo gak cukup! Lha wong narik becak e pira mbak penumpang'e lho gak mesti.

P : Memang'e sak bulan iku isa dapat duek pira bu dari becak iku?

SE: Gak mesti...lha wong kadang entuk pitung ewu, kadang entuk petang ewu, yo kadang entuk selaweh tapi iku juarang mbak...paling sak ulan iku yo lek sampe petang atus petang atus seket'an lah.

P : Lha sak mono iku gak cukup ta?

SE: Gak cukup mbak, kebutuhan'e keluarga iku lho uakeh, durung engkok onok lek pas anak loro, durung engkok lek gawe mbayar kurang'ane tunggak'an-tunggak'an iku.

P : Tunggak'an?...Tunggak'an opo?

SE: Yo tunggak'an belanja iku mbak, kan utang aku ben dina kan gak isa, lek gak isa mbayar kan mesti nunggak

P : Utang disek ngono?

SE: He...ehm.

P : Lha iku...bapak iku...suamine ibu iku nanggung uripe wong pira, bu?

SE: Yo sak keluarga iki pak, anak lan bojone iki, wong lima.

P : Lha kalo menurut'e ibu...memang'e main judi iku yak opo seh pengaruh'e gawe keuangan'e ibu?

SE: Yo pengaruh'e iku sakjane lek entuk lumayan isa di-nggo tambah-tambah'an ngono,mbak. Isa digawe liyan-liyan'e.

P : Opo...memang'e dari main itu...iku isa buat nyukupi kekurang'ane ibu mau iku ta?

SE: Yo lek pas oleh iku lumayan kenek di-ngge mbayar tunggak'an-tunggak'an mau, dadi utang'e rada kalong.

P : Lha ibu memang'e sering menang ta?

SE: Yo tapi lek dibanding kalah'e, sek akeh sering oleh'e...mbak.

P : Lek menang iku bu, duek menang iku ibu gawe opo ae, bu?

SE: Yo iku mbak, gawe nambah'i duek belanja yo ambek digawe mbayar-mbayar tunggak'an mau iku.

P : Selama ibu main iku yo...duek menang iku ibu gawe maen maneh opo gak?

SE: Kadang tak gawe main maneh, yo kadang gak, dadi gak mesti.

P : Ibu ato suamine iku punya tabungan opo gak?

SE: Kok ditabung mbak, digawe nyukupi kebutuhan keluarga, gawe tunggak'an-tunggak'an ae wes isa wes untung.

P : Gak onok dadi yo, bu?

SE: He...ehm.

P : Lek iku bu, barang berharga, duwe opo gak?

SE: Gak duwe kayak'e, mbak.

P : Gak duwe...kayak perhiasan ngono, bu?

SE: Yo paling anting sing tak gawe iki tok mbak.

P : Mek iku tok...lek liyane, yo opo ngono sekirane?

SE: Maksud'e barang berharga liyane? TV ta?

P : Iyo...

SE: Aku onok mbak TV tapi cilik, iku ae bien diweneh'i kok mbak.

P : Yo wes mek iku tok bu?

SE: He...ehm.

P : Ibu sering gak ngajak anak-anak'e mlaku-mlaku?

SE: Jarang mbak, anakku wes...yo wes mlaku-mlaku nang nggarep kampung kono, wes akeh kancane seneng.

P : Lha lek mlaku-mlaku ambek bapak...ambek bojone ibu, bojo sampeyan?

SE: Yo paling tak jak nang omah'e embah'e...sak keluarga.

P : Opo'o bu, kok gak tau diajak mlaku-mlaku ngono...seneng-seneng?

SE: Yo yak opo mbak atene ngajak mlaku-mlaku, arek jek cilik-cilik, butuh'e jek akeh, kan perlu biaya...wes digawe kebutuhan keluarga wes cukup wes alhamdulillah mbak.

P : Lha iku...kalo ke rumah'e embah'e iku numpak opo, bu?

SE: Numpak becak'e bapak'e! (tertawa)

P : Becak iku opo bu, nyewa ta...punya sendiri ta?

SE: Gak! Iku bien becak iku yo warisan'e morotuo-ku, mbak.

P : Dadi gak nyewa yo?

SE: Gak! Becak'e dewe.

P : Berarti iku yo...memang gak perlu mbayar uang setoran yo?

SE: Nggak!

P : Ibu pertama kali main judi iku kapan, bu?

SE: Opo yo ...iku bien kira-kira yo wes rong taun kepungkur iku lho saking aku melok-melok tonggoku iku lho kok sering oleh, dadi aku katut. Yo gak mesti tapi.

P : Dadi maksud'e main iku wes sekitar rong taun'an?

SE: He...ehm..., yo wes rong taun iki lah, tapi iku yo gak tau akeh kok mbak, paling aku tombok iku sewu rong ewu, ngono tok mbak.

P : Lha main judi iku, judi opo ae?

SE: Aku paling yo iku mbak, togel ambek bingo iku.

P : Bingo iku...opo...yak opo bu, main bingo?

SE: Halah carane yo bandar'e iku sing ngocok, terus aku nyocokno nomer'e mbak, angka-angka sing nang kartune mau, engkok lek wes onok lurus limo yo bingo menang.

P : Lek main bingo iku, ibu masang duek totoan pira, bu?

SE: Wes pokok'e yo aku tuku kartu paling akeh papat mbak, biasane aku janjian ambek kancaku...paling yo satus.

P : Sak kartu iku satus?

SE: He...ehm.

P : Dadi lek tuku papat iku...petang atus?

SE: Petang atus.

P : Ehm...ngono. Ibu tau gak masang totoan sing jumlah'ne luwih gede maneh?

SE: Gak tau mbak, yo ndelok duek'e, lek kalah eman-eman.

P : Kalo ibu kalah ngono yo...opo kalah totoan ngono iku, iku yak opo bu, nyesel opo gak, bu?

SE: Yo lek dieling-eling yo nyesel, tapi lek oleh kan lumayan, kenek digawe liyane.

P : Lho memang'e ambek ibu dieling-eling terus ta...kalahne iku mau?

SE: Yo mesti kadang yo dieling'i mbak, wong...yo tapi yak opo wes diniati, sakjane yo eman.

P : Dadi memang kadang yo sek dieling'i yo?

SE: He...ehm.

P : Lha berarti ibu ngerti lak an, lek opo ...maksud'e sadar gak lek main judi kalah iku terus isa kilangan duek sing digawe main mau?

SE: Yo ngerti mbak, wong wes tau kalah, tapi yo yak opo...

P : Lha terus opo ngono iku...opo'o bu, kok sek...maksud'e sek main judi?

SE: Tak gawe hiburan, soale ben...opo iku mbak, onok ketemu kanca-kanca gumbul akeh ngono iku lho, lek menang lak lumayan isa digawe tambahan...kebutuhan'e keluarga.

P : Lek ibu lek gak main ngono iku memang'e gak onok kancane maneh ta? Lek gak maksud'e sing gumbul main iku?

- SE: Yo onok, yo ibu-ibu kampung iku mbak, tapi sing lebih akrab lak kanca sing main iku isa dijak gumbul, isa rame-rame, ngomong-ngomong, cerita, dadi kan terhibur, mbak.
- P : Sing gumbul iku mau ancene melok main kabeh ta?
- SE: Yo onok mbak...onok sing melok, akeh sing melok ambek sing nggak, cuman kan onok sing ngguyub'i ngono lho mbak, terus ngekek'i pemasukan nomer iki-nomer iki ngono.
- P : Biasane lek nggumbul ngono iku bu, ambek kanca-kanca sing pada main, iku sing diomongno opo ae, bu?
- SE: Yo wes jenenge wong wedok kumpul mbak, yo wes macam-macam sing diomongno ngalor-ngidul, yo wes pokok'e kabeh sing kenek diomong...maksud'e kebutuhan keluarga, yo sing opo, yo wes...kadang yo ngomongno soal nomer-nomer ngono iku mbak sing perlu ate ndek nggene main-main iku...tuku togel
- P : Lha sering gak bu, ketemu ambek kanca-kancane sing main iku?
- SE: Yo sering! Lek pas petuk ngono iku yo mesti ditakoni "gak tombok, ta?".
- P : Ibu main judi iku sak pira sering'e, bu?
- SE: Yo...sak duwe'ne duek mbak, lek pas lagi onok duek yo wes main, yo gak saben dino, gak mesti!
- P : Dadi maksud'e gak rutin ngono yo?
- SE: Nggak mbak! Yo lek pas lagi ati onok sreg, duwe nomer sing cocok ngono yo, pas duwe duek aku yo main.
- P : Kira-kira opo...lek digawe iku maksud'e pira bulan sekali ta...pira minggu sekali ngono iku, sak pira sering'e?
- SE: Kadang-kadang kok mbak, kadang sak ulan pisan, sak ulan pindo, gak mesti...ndelok duek'e lek pas lagi duwe duek ngono yo, kadang yo gak blas.
- P : Berarti memang'e gak tentu yo?
- SE: Yo! Gak mesti mbak, ndelok keuangan'e mbak.
- P : Tapi sampe saiki sek main yo...maksud'e sek aktif main?
- SE: Yo...main bingo, yo togel.
- P : Selain kanca-kanca sing melok main mau, sing gumbul sing pada melok main kabeh mau iku, ibu duwe gak kanca gumbul sing lain, tapi maksud'e iku sing duduk wong sing melok main judi iku?
- SE: Onok mbak, yo iku ibu-ibu kampung iku mbak, kumpulan PKK ngono iku.
- P : Sek sering'an gumbul sing main yo?
- SE: Yo sek akeh sering sing main, soale sing main kan mesti ngomongno nomer'e iki lho-nomer'e iki, ngono lho mbak. Tapi lek pas aku...pas nganu...sing kanca-kanca main iku sing sering teka
- P : Hubungan'e ambek kanca-kanca sing main, sing sering gumbul iku...yak opo bu hubungan'e?
- SE: Yo wes biasa-biasa mbak! Kayak opo, yo wes akrab ngono.
- P : Akrab sak piro?
- SE: Yo...yak opo yo...yo wes...yo yak opo jenenge wong tetangga seh mbak, yo tegur sapa...yo maksud'e nyapa lek ketemu..."kayak opo?", ngono wes. Apik'e yo wes biasa lah, jenenge wong ambek kanca.

- P: Ibu lek nggumbul ambek kanca-kanca seng main iku bu, yak opo perasaan'e? Rasa'e yak opo?
- SE: Yo seneng...yo gak seneng lek...opo yo...lek pas ketemu ambek kanca sing main sing kadang-kadang ngekek'i rejeki yo seneng mbak.
- P : Kanca main sing ngekek'i rejeki iku maksud'e yak opo, bu?
- SE: Yo...iki lho aku duwe nomer...togel. Lek ketemu sing ngono yo seneng.
- P : Maksud'e gak kabeh ta sing sering ngekek'i nomer iku?
- SE: Yo nggak mbak, sing gak seneng main kan gak tau mbak, yo paling nggumbul'e yo sak...lek ketemu belanja ngomong, ngono tok, mbak. Sing kulina main-main kan mesti kadang di-omong'i, lebih akrab ngono mbak...lebih sering teka.
- P : Opo'o bu, kok luwih sering, kok lebih akrab ambek sing main dibanding ambek sing gak main iku?
- SE: Yo mbak, soale lek teka mesti ngerumpi'no masalah nomer, dadi de'e sing teka.
- P : Masalah nomer iku yak opo...dirumpi'no yak opo?
- SE: Yo endi sing onok...iki lho onok, aku duwe nomer...sip! Iki nomerku sak mene, engkok yo dietung bareng-bareng mbak, sing sip baru di tombok'i.
- P : Dietung bareng-bareng?
- SE: Iyo!
- P : Ibu'e isa ta?
- SE: Yo isa, wes ambek kanca-kanca iku mbak, yo sing diwolak-walik, di-opo'no ngono mbak. Engkok lek wes sreg, cocok, yo wes iki ae sing ditombok'i. (minum)
- P : Lek...opo...saben kali main iku, ibu iki yakin gak engkok lek...engkok pasti menang, ngono?
- SE: Yo...anu mbak, lek sing atine sreg ngono yo berarti "Wah...iki wes pasti oleh", ngono.
- P : Lha lek gak sreg? Tapi saben nombok iku sreg gak?
- SE: Yo kadang onok sing sreg, kadang yo nggak mbak, gak mesti, tapi lek atine pas ngono mesti entuk.
- P : Saben dina'ne iku ibu mesti kepikiran opo gak tentang main iku? Main judi iku, bu?
- SE: Yo gak saben dina mbak, kan togel iku kan gak 'ben dina mbak metu'ne.
- P : Lek bingo iku?
- SE: Lek bingo seh sak onok'e waktu...malem...kadang mek...tapi lek gak ser yo gak main mbak, aku.
- P : Gak, maksud'e kan ibu kan meskipun gak ajeg main yo, gak saben dina, maksud'e meskipun gak main ngono iku lho...maksud'e ndek pikiran'e ibu iku mikirno terus opo nggak "oh...main", ngono...kepikiran opo gak?
- SE: Yo nggak...yo nggak mbak...yo opo yo...wong sing liyane lho butuh'e jek akeh.
- P : Lek main iku bu, iku kerasa tegang opo gak, bu?
- SE: Yo mbak, mesti tegang, deg-deg'an, yo maksud'e tegang iku..."yak opo yo, metu opo nggak iki engkok", ngono lho mbak...mesti.
- P : Lek kalah bu, iku yak opo, ibu lanjut main maneh ta? Opo mandek ngono?

- SE: Yo kadang lek wes kalah yo mandek mbak, gawe opo wong wes kalah.
- P : Dadi gak diterusno yo?
- SE: Yo gak mbak! Gawe butuh'e liyane.
- P : Ibu lek dikongkon mandek gak main maneh ngono iku isa opo gak, bu?
- SE: Yo isa!
- P : Memang'e selama iki pernah ta bu, mandek main ngono...maksud'e suwih gak main ngono?
- SE: Yo mbak, kadang yo sampe sak ulan, sampe rong ulan yo kadang aku wes gak main blas wes'an.
- P : Memang'e pernah yo...maksud'e gawe mandek ngono iku?
- SE: He...ehm. Wes opo maneh gak duwe duek mbak, gak mikir main.
- P : Mari ibu mandek suwe iku, iku opo'o bu, kok terus main maneh?
- SE: Yo iseng mbak, gawe hiburan...be'e sapa ngerti oleh.
- P : Ibu onok njaluk bantuan ambek wong liya gak gawe nyukupi kebutuhan'e keluargane ibu iki?
- SE: Gak onok mbak...sapa...wong keluargaku kabeh wes pada kawin dewe-dewe, ngurusi keluargane dewe-dewe, mbak.
- P : Tau gak ngelakuno perbuatan sing ngelanggar hukum gara-gara main?
- SE: Gak mbak, gak wani...wong wes gak duwe kok ate ngelanggar hukum, yo wes wedi mbak, aku...gak tau.
- P : Tau gak duwe masalah...yo mboh masalah ambek keluarga, ta ambek kanca, yo wes pokok'e masalah sing gara-gara main ngono?
- SE: Iyo...bien tau mbak aku main tukaran ambek bandar'e, soale nomer'e iku metu aku dibujuk'i jarene nomer'e gak tembus, terus tak parani mbak ambek bojoku, tak jaluk duek-ku, akhire dikek'i ambek bandar'e.
- P : Tukaran...rame?
- SE: Yo nggak mbak...yo mek engkel-engkel'an ngono mbak, tapine karo bandar'e langsung dibayar'i duek-ku.
- P : Wes mek iku tok opo onok maneh?
- SE: Gak onok mbak!
- P : Ibu onok nggak sengaja nyembunyino teka wong liya lek ibu iki main judi?
- SE: Yo mek ambek anak-anakku tok mbak, soale gak enak engkok pas ditiru ambek annakku. Dadi aku gak wani...wes tak sem...tak rahasia'no lek ambek anak-anakku mbak.
- P : Lha lek bojo'e sampeyan bu, ero?
- SE: Lek bojoku ngerti mbak...wes ngerti bojoku...gak po po...soale lek oleh yo gawe nambah kebutuhan keluargane.
- P : Kalo ibu punya masalah ngono, ibu suka main gak lek lagi punya masalah?
- SE: Yo nggak mbak, aku lek wes onok masalah ngono main'e mandek mbak.
- P : Opo'o bu, lek duwe masalah kok mandek?
- SE: Yo engkok lek lagi atine gak pas iku biasane gak menang...lak eman-eman.
- P : Lek nganggur bu...Lek ibu lagi nganggur ngono iku ibu suka main opo gak?
- SE: Yo lek nganggur kadang iseng, dadi terus main, ngono yo paling lek onok nomer sip, lek gak onok nomer sip yo gak.
- P : Maksud'e lek oleh nomer sip iku gawe main sing endi?

SE: Yo togel...lek iku lho mbak be'e onok nomer sip ngono wes tak ngge pasang togel.

P : Lha lek gawe main sing iku bu, sing sijine...sing bingo?

SE: Bingo ta? Lek bingo iku lek nganggur mbak lek bengi lek anak-anakku wes turu ngono...baru aku melok main bingo lek awan yo nggak mbak, ngurusi anak-anak'e.

P : Ibu tadi kan bilang kalo main yang togel itu yakin lek menang iku kan soale lagi punya nomer sip, lha lek main bingo yak opo, ibu'e tetep yakin isa menang opo gak?

SE: Yo mbak yo kudu onok keyakinan, disamping itu yo konsentrasi ambek opo yo...tenang...konsentrasi tapi juga ada keyakinan.

P : Dadi yo bingo yo togel iku tetep yakin?

SE: Tetep yakin!

P : Ibu kalo lagi punya nomer sip gawe nombok'i togel, tapi waktu iku ternyata ibu lagi gak onok duek, iku yak opo bu...ibu iku tetep main opo yak opo?

SE: Yo gak mbak, masih oleh nomer sip lek gak duwe duek yo nggak tak rewangi utang-utang, engkok wes susah tambah susah iyo lek wes oleh...pasti...lek gak aku lak nambah-nambah'i utang engkok...yo aku gak main mbak, gak tak tuku.

P : Ibu tadi kan bilang kalo waktu main togel itu tegang...soale kan opo...nomer'e iku nanti iku tembus opo gak, lha kalo waktu main bingo bu, yak opo?

SE: Yo pada ae mbak, wes pada tegang'e, masih main bingo yo tegang, tapi yo kudu konsentrasi lek bingo. Dadi tegang'e yo pada mbak.

P : Kalo misale bu ya...ibu tadi kan bilang lek main iku lak yakin menang bu, tapi lek ternyata hasil'e iku gak oleh, gak menang iku yak opo bu?

SE: Yo yak opo mbak, wong pancene durung wayane rejekine, wes mbleset yo wes gak po po...yo mungkin iku wes nasibku gak entuk...memang durung rejekine.

P : Ibu tadi kan bilang pernah punya masalah tukaran ambek bandar'e gara-gara duek togel sing metu tapi diomong gak metu, iku waktu iku ibu menang duek pira, bu?

SE: Satus rong puluh ewu mbak, aku tombok rong ewu. Oleh satus rong puluh ewu, lak lumayan seh mbak.

P : Duek menang waktu iku ibu gawe opo?

SE: Yo wes tak gawe nutup kebutuhan-kebutuhan keluarga mbak, wes mbayar utang, yo wes butuh-butuh liyane, nambah belanja, yo wes tak gawe tuku beras mbak, wes pokok'e kebutuhan keluarga terpenuhi lah mbak, kan lumayan.

## Sesi II

P : Ibu pernah gak nyoba untuk kerja, maksudnya untuk nambah'i uang?

SE: Yo pernah mikir mbak, kepingin kerja tapi yak opo lek dodolan kan perlu modal, sedangkan tenaga'ne sek ngurusi anak-anak jek cilik-cilik iku, mbak.



Yo gak...yo onok seh kepikiran pingin kerja lain'e tapi yak opo mbak, durung sempet iku...ngelakoni.

P : Dadi memang'e ibu gak pernah kerja ya?

SE: Yo gak tau mbak, wes ngurusi arek-arek tok iku, cilik sampe gede iku wes.

P : Kemarin ibu bilang kalo oleh menang judi lak lumayan, iyo? Lha iku opo ibu pernah nggak maksud'e mikirno kalo kalahnya, bukan menangnya?

SE: Yo mesti mikirno mbak, kalah iku wes mesti dipikir'e, tapi kan...lebih apa namane sing dipikir kan aku cuma lumayan aku entuk'e luwih akeh, sakiki aku kalah sewu ping rong puluh tapi lek oleh kan misalkan sepisan ngono lho mbak, sewu oleh swidak. Lek dibanding kan sek...sek rada akeh oleh'e.

P : Lek ibu kalah iku...iku yak opo pengaruh'e gawe keuangan'e ibu? Lek ibu kalah?

SE: Yo seh kadang seh mikir mbak, "Kalah, yo...yo...mau lek rong ewu lak lumayan kenek gawe tuku lenga gas". Mikir'e yo cuman iku ae mbak, mbak, tapi lek oleh kan aku yo lumayan dadi satus rong puluh ewu.

P : Opo'o bu, kok uang yang dibuat main iku kok gak digawe...gawe nyukupi kebutuhan'e keluarga'e, opo misale gawe mbayar tunggak'anne ibu?

SE: Halah...mbak, wong duek tombok'an iku paling aku rong ewu mbak, paling buanter ae lho limang ewu, iku ae kadang ambek utang kok mbak. Lha sakiki gawe nyicil tunggak'an e lho yo gak nutut mbak...mbak...duek rong ewu ae lho. Kan tak piker lek rong ewu gawe tombok iku oleh satus rong puluh ewu kan...kenek gawe nutup, lha lek duek rong ewu tak gawe ngangsur tunggak'anne utang-utang'e yo gak nutut mbak.

P : Ibu kemarin bilang kalo pendapatannya bapak, suamine ibu dari becak itu kan gak bisa untuk mencukupi kebutuhan keluarga. Lha kalo gak cukup iku kok malah terus digawe main maneh, bu?

SE: Aduh mbak...main lho mbak sak minggu pisan, mek dina togel iku metune rabu, iku ae mek kadang rong ewu mbak, yo wes tak slempet-slempet'no rong ewu mbak. Tak mimi gawe pasang, lek oleh kan lumayan. Mangkane iku aku kan lak ngetung oleh'e a mbak, rong ewu dadi satus rong puluh iku mbak.

P : Lha kebutuhan'e keluargane ibu akeh iku opo ae, bu?

SE: Yo yak opo seh mbak, wong rumah tangga iku yo endi sing mbayar listrik mbak, mbayar banyu, mbayar sekolah'e arek-arek, durung engkok kepentingan iuran nang nggone kampung iku mesti onok, durung engkok lek onok wong mati mbak, durung engkok lek onok wong duwe gawe, kan mesti sumbangan mbak, durung engkok lain-lain'e iku, lha wes belanja'e sing pasti 'ben dina belanja mbak.

P : Ibu pernah gak punya utang atau tunggak'an gara-gara main?

SE: Yo pernah mbak, tapi gak akeh mbak. Paling aku lho wani'ne lek pas gak duwe duek temen ngono iku kepingin main ngono memang'e aku utang mbak, paling yo telung ewu ngono mbak, gak wani akeh. Paling banter iku utang limang ewu iku ae lek nomer'e sip aku pas atiku sreg ngono mbak, lek gak yo gak. Gak tau, gak wani mbak.

P : Dadi pernah bu, ya?

SE: Yo tau, mbak!

P : Tapi sering nggak?

SE: Gak! Gak sering mbak, iku ae aku gak wani lek gak pas...onok pas sing ngekek'i nomer sip ngono, paling utang yo wes...halah kenek dietung mbak.

P : Nomer sip iku dapatnya dari mana, bu?

SE: Yo wes paling kadang lek ngimpi ngono iku mbak, ngimpi ngono iku tak...atiku wes sreg ngono tak ramesi ngono, tak etung-etung ngono mbak ambek kancaku, engkok kadang kancaku sing ngomong...anu yo, kadang ngimpi kadang dikek'i kancane, "Eh...aku duwe nomer sip iki", ngono mbak. Yo wes ambek kanca-kanca iku.

P : Lha...eh...carane ngetung dewe iku yak opo, bu?

SE: Yo kadang iku aku lek ngimpi ngono yo mbak yo...kan kadang ketok opo ngono...opo...kadang ketok nomer ta opo, ketok binatang, ngono iku tak golek'i mbak ndek nomer'e...nomer'e iku'ne togel iku. "Binatang iki oh...iki nomer'e iki". Misalkan kan kayak bandeng, bandeng iku lak 01 seh mbak, ngono iku wes tak ramesi, 01 tak walik dadi sepuluh, terus tak gede'no dadi swidak, ngono mbak, terus dimistik. Yo wes ambek kanca'e...ambek kancaku sing sering oleh iku mbak, sing ngajak aku ngetung-ngetung ngono iku. Engkok aku lek wes mentok baru ditombok'i nomer'e.

P : Lha...opo...biasane ibu dapet nomer sip iku...cuma dari ngetung itu tok, opo pernah...yo nyoba sing lain?

SE: Oh...gak...gak tau mbak, aku paling yo...lek kancaku sing ngekek'i iku aku yo gak ngerti, pokok'e de'e ngomong'e "Eh...aku oleh nomer iki", ngono tok mbak. Lek aku paling ngimpi ngono iku, paling kadang dikek'i...opo...yo kancaku, "Iki lho nomer sip" ngono baru iku dietung ngono, lek kancaku seh gak ngerti...mboh teka endi oleh'e. Cuma lek aku dewe gak tau mbak.

P : Berarti cuma ngetung iku?

SE: Ngetung-ngetung iku ambek nomer lek ngimpi, maksud'e onok kayak sing ngekek'i nomer ngono iku.

P : Ibu kemarin juga bilang kalo...opo...seneng ketemu ambek kanca sing main sing ngekek'i rejeki. Opo semua teman'e ibu sing main iku tau ta ngekek'i rejeki?

SE: Yo duduk...maksud'e duduk tau ngekek'i rejeki, tapi ngekek'i nomer lek pas sip ngono lho mbak. Memang kanca-kancaku sing main kan yo ibu-ibu sing sering main tok iku kan sering kadang ngekek'i, "Iki lho bu, aku duwe nomer iki", ngono...engkok sijine teka maneh, "Eh...aku duwe nomer iki", ngono yo iku engkok dietung bareng-bareng ngono lho mbak, maksud'e misalkan kadang wong telu ngono ngetung, wes engkok dipetok siji "Oh iki ae sing sip" ngono. Yo wes iku sing dinomer'i, ditombok'i mbak. Tapi lek lagi pas sip ngono yo mesti tembus mbak nomer'e...tapi yo ngetung'e kudu teliti yo an mbak pancene.

P : Teliti maksud'e yak opo, bu?

- SE: Yo teliti kan diwolak-walik ngono iku lho mbak, digede'no, dicilikno, ngono...terus dimistik, koncoku sing siji iku lak pinter ta ngetung ngono iku. Dadi aku wes angger melok ngono, "Wes iki ae sing sip".
- P : Sing ibu maksud ngerumpi'no nemer iku, yo iku mau ta opo sing lain? Ibu lak ngomong biasane sering onok kancane sing teka, terus ngerumpi'no nomer?
- SE: Yo...iku yo kancaku sing seneng main-main tok iku lho mbak, yo wes kadang yo wong telu, wong papat, ngono mbak. Yo wes gak ngerumpi pekara main tok mbak, engkok pertama yo wes ngerumpi'ne iku, kedua yo wes nyambung-nyambung. Tapi intine yo wes nombok'i...tombok iku mau...nomer.
- P : Tujuan'e ibu ngetung opo ngerumpi'no nomer iku gawe opo, bu? Tujuan'e ibu sebenar'e opo?
- SE: Yo supaya lek masang iku entuk! Lek pasang iku lek tembus lak enak seh mbak, oleh duek. Tujuan'e yo ben oleh iku mau...ngerumpi'no nomer, ben entuk nomer sip...dadi engkok isa entuk tombok'an.
- P : Lha opo ibe ngerumpi'no nomer iku saben dina ta?
- SE: Yo gak mbak, wong togel'e lho metune iku mek sak minggu pisan, lek rabu tok iku lho, mbak. Dadi aku engkok lek rabu wayane metu ngono wes...wes Selasa iku wes mulai wong-wong iku mesti ngomong "Mene nomer'e anu lho...mene waya'e arisan", ngono mbak, lek ngomong gak tombok, "Mene arisan lho waya'e", ngono.
- P : Dadi onok istilah'e dewe, bu?
- SE: He...ehm, "Mene waya'e arisan, rabu'an", ngono, kan togel'e metu'e rabu. Terus baru, "Nomer iki...nomer iki...", ngono, terus dikumpulno nomer'e mau terus baru dietung bareng-bareng, terus engkok lek wes mentok, "Yo wes...iki...nomer iki, petang nomer iki", ngono, "Ditombok'i", ngono mbak.
- P : Ibu bilang kan kalo lebih akrab sama teman sing pada ikut main?
- SE: He...ehm!
- P : Lha sing buat akrab iku opo, bu?
- SE: Sing nggarai akrab yo soale kan setiap waya'e kate arisan lak teka seh mbak...mesti. Saiki arisan rabu'an ngono iku kan togel iku rabu'an, ngono kan mesti lek Selasa ngono kadang belanja isuk ngono iku, engkok mari masak ngono nang omah mbak...ngomong-ngomong ngono, kadang yo gantian pas ketemu ndek endi ngono. Dadi kan akrab sering...sering ketemu yo iku-iku ae mbak, sing sering tombok-tombok iku. Yo sakiki lek gak onok tombok'an yo nggak...nggak ngumpul-ngumpul. (tertawa) Yo se...cuma ketemu lek nang pasar ngono tok ae. Kadang lek ketemu belanja ngono Selasa isuk wes ngomong, "Eh...mene arisan lho rabu'an", ngono mbak.
- P : Lha tujuan'e ibu sendiri luwih akrab ambek kanca sing main iku opo, bu?
- SE: Yo mau iku mbak...opo...nganu'no nomer mau iku tujuan'e
- P : Ibu kan bilang kalo biasanya temen-temen sing main iku luwih sering teka nang omah, lha padalan kan ibu itu merahasiakan kebiasaan judi'ne ibu dari anak-anak'e ibu to?
- SE: He...ehm.

- P : Lha iku yak opo bu, carane ngerahasia'no teka anak-anak'e ibu kalo kancane ibu iku sering datang ke rumah ngerumpi'no nomer?
- SE: Yo lek teka iku lek anak-anakku sekolah mbak...lek wes anak-anakku sekolah ngono, kadang engkok lek awan...teka sekolah kan sore, ngono iku mbak, lek ambek...anu ngono kan ketemu de'e teka. Yo wes pokok'e lek arek...anak-anakku wes nggagak onok mbak, maksud'e lek pas sepi. Tapi lek onok anak-anak yo ngomong'e liya.
- P : Dadi memang anak'e ibu gak tau ya?
- SE: Gak ngerti!
- P : Memang'e opo'o bu, kok dirahasia'no? Kok ibu wedi lek anak'e engkok niru?
- SE: Yo mbak, wong main iku lho lak...sakjane lak gak apik seh mbak, arek-arek jek sekolah e, anak-anakku lho jek sekolah sek SD-SD ngono kan gak oleh ngerti, engkok lek ditiru yak opo? Kan soale pengaruh'e kan gak apik ambek arek-arek cilik iku.
- P : Lha ibu dewe mandang judi iku sebenar'e apik opo gak?
- SE: Yo lek sakjane ngono yo gak apik mbak, wong main iku kapa-kapa'no gak apik, tapi...saking yak opo mbak, wong iku lho...gara-gara kok lek oleh kan kan lipatan'e kan...oleh'e akeh seh mbak, sewu lho oleh swidak.
- P : Lha berarti menurut ibu ngono iku...iku haram opo halal, bu?
- SE: Lek menurut agama iku haram mbak, kandani...gak oleh sakjane judi iku mbak. Yo aku ae lah mbak sing...anu mbak be'e...mboh engkok lek be'e lek wes gak...aku be'e lek wes cukup ngono aku gak...gak main kok mbak.
- P : Lho memang ibu pernah kepikiran ta gawe gak main? Kepikiran gak gawe...yo wes mandek gak main maneh?
- SE: Yo memang'e kadang kepikiran mbak...lek wes anu ngono wes...wes mbleset pisan, pindo ngono, mbleset peng telu gak oleh ngono, "Wes gak main-main maneh", ngono pingin'e wes mandek...wes gak kepingin main. Tapi engkok lek aku duwe rejeki, wes cukup yo wes aku gak main maneh mbak, wedi.
- P : Wedi opo, bu?
- SE: Yo yak opo seh mbak, main kan iki gak...togel iki kan gak resmi seh mbak, kan nyingit-nyingit seh mbak, iki.
- P : Lha lek ibu ngomong iku...gak apik, haram, tapi kok tetep ibu laku'no, bu?
- SE: Yo yak opo yo...yo wes ngerti iku memang'e gak apik, yo haram, tetep tak laku'no yak opo mbak wong...opo seh jenenge wong kepingin nyukupno butuh, sing ndek pikiranku iku kan main lek oleh lak lumayan seh mbak, tombok sewu lho mbak oleh swidak, oleh'ne isa nambah kebutuhanku.
- P : Ibu ngomong tadi yo...lek wes misale sekali gak oleh, dua kali gak oleh, terus kepikiran...opo, "Wes gak main maneh", nah...ngono iku tapi kok...kok terus ndek lain waktu, lain hari kok ternyata diulangi lagi, bu?
- SE: Yo memang'e kadang-kadang lek pas wes mari kalah bolak-balik ngono mbak, gak kepikiran main, "Wes gak wes, aku gak main maneh", ngono mbak. Tapi engkok wes suwe ngono wes...lali mbak. Engkok kancaku ngene, "Eh...aku duwe nomer sip", ngono...yo wes aku nyoba maneh,

nyoba maneh mbak...sewu oleh! Yo iku sing mbarai terus maleh melok maneh mbak. (minum)

P : Lho memang'e lek wes oleh ngono iku...ibu terus main terus ngono iku ta?

SE: Yo gak mbak! Lek wes oleh yo...“Main terus? Yo nggak!” Lha kadang-kadang yo pas gak duwe duek masih waya'e rabu'an, waya'e togel metu wes gak onok duek yo wes gak main mbak. Opo maneh gak onok sing ngekek'i nomer, kate aku maneh yo nggak duwe...nggak duwe opo'an iku...nomer sing tak pasang ngono wes gak...gak tombok mbak.

P : Selain bingo sama togel, ibu pernah ikut main judi yang lain apa gak, bu?

SE: Gak tau, mbak! Wes aku lho sing paling sering yo wes pasang togel iku tok mbak, soale kan sing mek titik pengeluaran'e, maksud'e duek'e lho mek titik mbak. Lek lain-lain'e gak wa...gak tau aku mbak!

P : Berarti judi togel sama bingo, ibu sering...lebih sering main yang togel maksud'e?

SE: He...ehm! Sing sering iku yo aku masang togel iku mbak. Kan mek sak minggu pisan, rabu'an tok iku mbak.

P : Opo'o bu, kok lebih sering main sing togel?

SE: Yo wes gampang mbak, kate kan mek titik mbak, paling sak nggak duwe-duwe duek kadang aku sewu iku tak gawe rong nomer ngono lho mbak, kan duek'e gak akeh seh mbak, mangkane aku yo lebih melok...seneng pasang togel iku. Lek bingo iku wes...jarang lek bingo kan hiburan mbak, lek pas bengi ngganggu iku wes juarang aku.

P : Lho memangnya kalo togel bukan hiburan ta, bu?

SE: Yo hiburan'e kan...maksud'e yo hiburan, hiburan tapi hiburan sing menghasilkan ngono lho mbak, lek hiburan-hiburan sing... Sing dimaksud embak'e gak hiburan iku opo seh, maksud'e opo?

P : Lho ibu kan bilang kalo, “Yo wes lek bingo iku tak gawe hiburan”, memang'e togel sendiri bagi ibu iku hiburan opo bukan?

SE: Hiburan! Hiburan tapi sing menghasilkan ngono lho, mbak. Bisa nambah'i...opo yo...butuh'e keluargaku, ngono lho mbak.

P : Judi itu kan buat hiburan ya bagi ibu?

SE: He...ehm!

P : Hiburan iku maksud'e hiburan yak opo, bu?

SE: Hiburan iku yo lek lagi pusing ngono kan ketemu kanca, dijak ngetung-ngetung ngono kan wes lali seh mbak, terus engkok lek wes...yo wes iki ditombok'no ngono, engkok lek oleh kan yo seneng, isa oleh duek...lak seneng seh mbak!

P : Kok gak mencari hiburan yang lain bu, selain main judi?

SE: Hiburan sing lain opo, mbak? Paling hiburan sing lain yo nontok tv, lek hiburan sing liya-liya nang njobo yo wes...yak opo mbak, lak ngetokno biaya tapi kan gak oleh duek, mbak! Seneng tok kesel!

P : Memang'e sing ibu rasakan saat berjudi iku opo, bu?

SE: Yo lek...lek saat'e main nombok iku sing tak rasakan yo cuma pikiranku, wah seneng lek oleh rek...lumayan ngono mbak. Wes pikiran'e mek tegang moga-moga oleh. Pikiran'e yo wes cuma sing dunga'no metu nomer'e-metu nomer'e ngono tok mbak pikiran'e! Lek oleh lak seneng seh, mbak!

- P : Lha menarik'e judi sendiri bagi ibu iku opo?
- SE: Menarik'e yo oleh duek iku mau mbak, lak entuk akeh ta mbak, seneng! Aku lho nombok'e mek sewu mbak, oleh swidak. Yo iku sing menarik, mbak. Kadang lek nggak duwe duek ngono paling aku nombok limang atus yo wes entuk mbak, oleh'e lho telung puluh ewu, rong atus seket lho yo oleh mbak, gandengan ambek kancaku ngono, kan lumayan aku tombok rong atus seket repes lho oleh limolas ewu. (menyisir rambut dengan jari)
- P : Ibu bilang opo...setiap kali dapet uang menang iku biasae dipake untuk bayar tunggak'an. Apa itu mesti seperti itu, bu? Ato dibuat lain'e lagi?
- SE: Yo gak tunggak'an tok mbak! Lek oleh'e rada akeh ngono kadang kan...satus rong puluh ngono yo mbak yo, engkok kadang, "Oh iyo iki waya'e berasku entek", ngono yo wes tuku beras, engkok lek liyane jek onok yo duek'e kadang yo tak simpen sek mbak, engkok gawe mbayar sekolah'e anakku. Yo wes tak bagi-bagi mbak, wong kebutuhan'e lak yo akeh seh mbak.
- P : Ibu bilang kalo menang main iku, kadang digawe main lagi kadang yo enggak, jadi gak mesti. Iku gimana bu, ibu kok...maksud'e mutusno wes tak gawe main maneh opo enggak, iku yak opo bu?
- SE: Yo memang onok pikiran, "Wes sementara iki gawe mbayar iki-iki sek", engkok lek be'e onok nomer maneh kadang yo onok pikiran "Wah tak ingah wes limang ewu, engkok gawe tombok maneh sapa ngerti entuk", ngono lho mbak.
- P : Ibu main judi sudah dua tahun lebih ya, gara-gara melok tetangga sing sering oleh, jadi ibu katut main. Iku waktu iku pikiran'e ibu pertama kali main judi iku yak opo, bu? Sing kepikiran opo?
- SE: Yo gak mikir, yo cuma ndelokno wong iku kok seneng seh...tonggoku ben tombok entuk-ben tombok entuk, terus aku kok kepingin nyoba, ngono lho mbak, nyoba aku, " Aku mbok nunut po'o melok nyoba tombok", sepisan oleh mbak, terus mari ngono yo gak oleh terus mbak, cuma'an yo pikiran'e "Wah lumayan", ngono tok pertama oleh iku, terus yo wes...katut terus. Tapi yo nggak ngepen kok mbak, aku mbak, gak ngepen kudu...kudu tombok ngono...nggak! Cuma pikiranku, kok seneng seh wong iku kok enak seh bolak-balik oleh.
- P : Ibu kan kadang kalo kalah yo dieling'i, tapi ibu ngomong kan "Yak opo wong wes diniati, sakjane yo eman", iku maksud'e yak opo, bu?
- SE: Ngene lho mbak yo, tak eling'i iku ngene, misalkan aku lek pas lagi nombok'i mau lak ngepen-ngepen'o rong ewu ngono mbak, lek oleh kan lumayan, lek gak oleh iku kan ngelingi'ne cuman ngene tok, "Iyo yo coba'o mau duek'e, rong ewu gawe tombok mau gak entuk, jatu'o lak kenek tak gawe tuku liyane", ngono,...yo wes mek paling eling'e ngono tok mbak.
- P : Lha lak diniati iku bu, diniati yak opo?
- SE: Yo soale kan wes niat pingin'e tombok, wes...wes pikiran'e wes sreg, "Wes iki, duek iki tak gawe tombok", ngono. Wes iku wes niat mbak.
- P : Ibu kemarin waktu aku tanya sing biasa sing di-omongno ambek kanca-kanca sing main opo? Lha ibu ngomong, "Yo wes jenenge wedok kumpul yo wes macam-macam sing diomongno", memang'e kumpulan'e ibu main iku wedok kabeh ta, bu?

- SE: Yo mbak...ibu-ibu yo wedok kabeh, kadang yo onok bapak'e siji ngono mek numpangi tok, "Bu, aku duwe nomer iki", ngono tok mbak, yo sing mesti iku ibu-ibu iku. Lek bapak iku yo wes paling jarang sing...paling yo sing bandar'e iku mbak, sing teka ngono iku terus engkok de'e ngekek'i masukan, "Nomerku iki", ngono...wes ngono tok mbak. Kan gak tau melok mlaku mbak, sing dodol iku sing mlaku nang omah, aku mek tinggal nulis nang kertas, tak kek'no duek'e, ngono tok mbak.
- P : Lho ibu lak tau tukaran ambek bandar'e iku, bu? Sing opo...waktu dibujuk'i nomer'e metu tapi di-omong gak metu?
- SE: Iyo...ndisek iku mbak. Sing dodol iku lho mbak, pengecer'e iku lho sing...sing ngedol...dodol nomer'e iku lho mbak.
- P : Oh...dadi waktu iku tukaran iku ambek pengecer'e?
- SE: He...ehm! Ambek sing dodol nomer iku ngomong'e jare gak metu iku, yo sing setiap aku lek tuku ngono kan tak kek'no de'e seh mbak. Dadi sing pengecer'e iku sing teka nang omah-omah ngono iku.
- P : Dadi ibu iki lek masang totoan iku pengecer'e iku wong'e lain-lain ta, bu? Gak satu orang tetap...
- SE: Lho yo gak mbak, sing dodol lak akeh seh mbak, sing dodol togel iku lak akeh ta, lek bandar'e yo gak ero mbak, pokok'e aku yo ngertine sing...tak tukoni yo sing wong'e mara nang omah iku.
- P : Lha waktu ibu sing tukaran ambek pengecer'e sing waktu iku bu, sing engkel-engkel'an iku, iku tanggepan'e wong-wong yak opo, bu?
- SE: Yo gak po po mbak, wes...ngono iku wes biasa, wes gak siji tok kok.
- P : Lha lek tanggepan'e wong kampung, kancane ibu sing gak melok main kayak opo...ibu-ibu PKK ngono iku, yak opo bu tentang kebiasaan'e ibu main iku yak opo tanggepan'e, bu?
- SE: Yo...yo...yak opo mbak, yo wes kadang yo biasa, kadang yo onok sing ngeling'no, "Yo lek isa yo dilereni, ojo tombok ae", ngono ngomong'e, "Gak onok wong sugih teka main", ngono kadang-kadang mbak, tapine yo wes kadang yo tak runga'no pancene yo bener, tapine kadang yo wes...gak wes! Yo de'e lak onok...cukup isa ngomong ngono mbak, aku lak sing gak duwe yo lek opo, yo golek dewe, yo aku isa'e golek yo melok-melok ngono mbak. Yo onok sing seneng onok sing nggak mbak...kanca-kanca ngono iku, opo maneh nang PKK lek wong'e sing wes cukup yo wes ngono iku.
- P : Ibu kemarin bilang kalo lek wes onok masalah ngono main'e mandek, iku masalah opo bu, kok main'e mandek?
- SE: Yo ngene lho mbak, misalkan anakku lara ngono iku, opo bojoku lara, opo kadang-kadang aku kan pas lagi eker ambek bojoku, ngono kan wes masalah seh mbak, ngono yo wes gak mikir main...ati'e sumpek wes.
- P : Dadi mandek?
- SE: Mandek! Wes gak main, mbak!
- P : Dadi biasane ibu lek main iku memang'e lagi gak onok masalah bu?
- SE: Yo, lek pas gak onok masalah, tenang-tenang ngono iku, terus kepingin...kadang ngono baru...aku...baru main.
- P : Ibu bilang kalo nganggur kadang iseng, dadi terus main. Opo memang kalo ibu main iku biasane memang pas lagi nganggur ta, bu?

SE: Iyo mbak, wes pas nganggur-nganggur ngono kan kanca teka, ngono kan wes ngetung-ngetung, ngomong-ngomong nomer pira, mene pasang'e sing sip ngono baru etung-etung, ngono lho mbak

P : Lha kalo main bingo kan biasanya malam ya, bu? Lha nganggur malam iku opo'o kok digawe main bingo bu, kok gak digawe sing liya?

SE: Gak! Bingo iku cuma kadang-kadang kok mbak lek lagi...opo maksud'e lagi kepingin, melok, ngono yo wes... Masih'o nganggur lek gak ser yo nggak mbak, gak harus ngono lho mbak, gak...gak mesti ngono nggak, iku gak mesti sak ulan pisan, kadang yo wes lek pas lagi kepingin ketemu kanca-kanca ae.

P : Lha gak ser iku maksud'e yak opo, bu?

SE: Gak ser iku yo pikiran'e gak pas mbak, gak...gak...anu...situasi...maksud'e opo yo...pikiran'e iku gak sreg ngono lho, sek gak kepingin lagi gak iku...gak kepikiran kepingin main bingo. Soale kan lek main bingo kan sek nggawe pikiran, sek nganu ngono mbak, nganu-nganu iku opo...kartu.

P : Lha ibu bilang apa kalo main bingo itu harus tenang, konsentrasi. Opo'o bu, kok tenang, konsentrasi?

SE: Yo mbak, lha kan ngadep kartu mbak, kan yo nggawe pikiran kartu iku mau mikirno iku.

P : Ibu biasa kalo main judi sama sapa ae, bu?

SE: Maksud'e judi opo iku, mbak?

P : Yo...yo bingo yo togel iku.

SE: Yo wes karo ibu-ibu iku mbak, yo wes ibu-ibu sing seneng...sing seneng main-main iku, cuman lek bingo kan gak mesti main mbak, kadang cuma dulinan tok ngono, gak mesti ambek pasang judi-judi ngono...nggak, kadang lek melek'an ngono iku kan main bingo ngono lho mbak.

P : Oh...dadi kalo main bingo itu kadang main tok kadang yo...

SE: Ambek judi!

P : Kadang yo onok totoan'e?

SE: He...ehm!

P : Gak pernah main ambek selain wong kampung, bu?

SE: Gak tau mbak, yo wes kanca idek-idek kono iku ae, wes kampung kono iku mbak.

P : Lha ibu kalo main judi iku biasa'e ndek mana, bu?

SE: Nang nggone...opo...sing main judi opo, mbak?

P : Yo bingo disek.

SE: Oh...lek bingo iku yo gantian, ndek...sing mesti yo ndek omah'e kancaku iku mbak, kancaku iku memang'e wong'e anu mbak...kayak opo jenenge...campuran ngono lho, wong jawa bojo'e iku wong...opo she...mboh manado...mboh opo ngono, kan seneng main remi-remi ngono seh mbak. Wong'e sakjane yo lumayan, cukup yo an, cuman seneng lek main-main remi ngono iku seneng mbak, kadang di 'ngge melek'an, yo gak...gak selalu bingo mbak.

P : Lha lek togel?

SE: Lek togel iku wes mesti mbak, kanca-kanca, ibu-ibu iku wes umum mbak, kadang-kadang ngono ambek nang pasar ngono yo wes ngomongno



iku...togel mbak, opo maneh lek wes cedek rabu, ngono mbak, wes mesti ngomong...ngomongno togel iku.

P : Ndek mana main'e?

SE: Yo main'e yo mek tuku tok to, main'e iku ndek wong'e sing...dodol lak moro seh mbak, sing dodol nomer iku moro dadi kene yo mek ngetung tok, kadang ngerumpul ndek omah terus engkok sing ngepul siji, iki engkok aku titip iki-titip iki, ngono yo gantian mbak, engkok kadang aku sing titip nang kancaku, kadang kancaku sing titip aku ngono. Sing dodol nomer iku teka nang omah, engkok lek oleh yo di-ter'no nang omah mbak, dadi aku gak tau metu

P : Lha lek ngetung iku bu, iku nang endi...ngetung nomer'e iku ndek endi?

SE: Yo gantian gak mesti kadang aku yo pada ae, yo dulin nang omahku, kadang yo aku nang omah'e kancaku, ngono...gak mesti...nang omah'e tanggaku kono, gentenan.

P : Sebenar'e pengaruh'e judi gawe ibu iku yak opo, gawe keluargane ibu?

SE: Pengaruh'e mbak?

P : Yo wes kayak keharmonisan'e, onok gak?

SE: Yo gak seh, yo wes cuman pengaruh'e iku yo wes...yo wes biasa mbak, cumin lek oleh yo seneng ngono tok isa ...isa opo...mbayar kekurangan'e kebutuhan keluarga, ngono tok iku lho mbak.

P : Dadi maksud'e pengaruh'e cuman gawe keuangan'e?

SE: He...ehm! Kebutuhan...gawe nambah kebu...ekonomine iku lho mbak sing kurang, lek ekonomiku wes cukup ngono wes gak mikiri ngono-ngono mbak, yo cuma tertarik...tertarik oleh'e iku tok, lek oleh duek'e pengaruh'e iku kan paling kenek pengaruh'e sing dipikiri kan aku mek mikir, "Ah...wes lumayan, sewu oleh swidak", ngono lho mbak. Dadi yo wes gak mikir opo-opo mbak.

P : Lha arti judi sendiri bagi ibu iku yak opo, bu?

SE: Yo sakjane seh gak apik wong we...main iku mbak, ndek endi seh onok wong...lha sakjane sing main iku kan wong lanang-lanang iku, lha berbung iki kan judine kan mek tombok'e gak ketara seh mbak, lek kayak aku ngene wedok kan gak ketara seh, wong mek nulisno ndek kertas ngono ndang dikek'no wong'e kan gak ketara lek main. Sakjane yo...yo gak apik, tapi yak opo...umum'e wes an mbak, wedok-wedok masang togel iku, merata kok mbak, tak delok'no yo masih'o ibu-ibu sing menengah ke atas iku yo onok sing seneng kok mbak, masang togel.

P : Lha sebenar'e pandangan'e ibu tentang judi itu sendiri yak opo seh, bu? Pandangan...ibu memandang oh...judi iku yak opo?

SE: Aku seh gak mikir sampe ngono mbak, pandangan...wes judi iku lek nurut aku yo memang'e yo gak apik mbak, wong main kappa-kapa'no yo wes...pandangan'e yo wes lek menurut aku dewe lho mbak, gak apik, cuman kan aku iki melok judi togel iki kan cuma...opo yo...pikiran...sing ndek...onok ndek pikiranku iku lek oleh lumayan, soale tombok'e mek sitik to mbak, mek sewu, iku lho oleh swidak. Sing ndek dalam pikiranku lak mek ngono tok seh mbak sing nang njero'ne pikiranku iku mbak. Pandanganku iku wes cuma oh...nombok...melok togel lek oleh lumayan

ngono tok mbak, wes gak onok pikiran lain-lain, wes liya-liya'e wes gak onok mbak.

## LAMPIRAN D

### Verbatim Subjek Sarkawi

#### Sesi I

P : Namanya sapa mas?

SS: Nama saya Sarkawi.

P : Umur'e berapa mas?

SS: Sekarang umur saya tiga lima.

P : Mas dulu sekolah terakhir sampe kelas berapa?

SS: SD.

P : SD kelas berapa?

SS: Ya kelas enam.

P : Lho terus gak dilanjutno ta?

SS: Ya berhubung tidak ada biaya mbak ya, terpaksa ya berhenti sampe disitu.

P : Jadi nggak lulus sampe SMA ya?

SS: Ndak. Sebenarnya ya mau, cuma ya berhubung biaya tadi ndak ada ya sudah disitu aja...sampe SD.

P : Mas-nya sekarang bekerja?

SS: Pengangguran.

P : Nggak...nggak kerja?

SS: Ndak.

P : Kalo istrinya?

SS: Kerja.

P : Kerja apa?

SS: Kerja jaga toko.

P : Toko-nya itu toko sendiri?

SS: Ndak, ikut orang.

P : Berarti pendapatan setiap bulannya dapetnya dari mana?

SS: Ya dari istri tadi.

P : Apa?

SS: Ya sekitar berapa ya...sekitar empat ratus.

P : Itu apa...gaji?

SS: Ya, gaji.

P : Empat ratus itu empat ratus ribu?

SS: Ya, empat ratus ribu.

P : Itu setiap bulannya tetap ato...anu...apa...kadang ada nambahnya?

SS: Ndak, tetep gitu.

P : Oh...tetep?

SS: Iya.

P : Mas sendiri jumlah anggota keluarganya berapa?

SS: Lima.

P : Lima...lima itu sapa aja mas?

SS: Ya anak...anak tiga, saya, sama istri.

- P : Mas tau gak...apa...eh...pengeluarannya keluarganya mas per bulan itu buat apa aja?
- SS: Ya tadi empat ratus itu ya dibagi mbak.
- P : Ya buat apa?
- SS: Ya untuk biaya sekolah, ya untuk bayar listrik, ya sama makan sehari-hari mbak.
- P : Lho anaknya tiga itu sudah sekolah semua?...  
(subjek dipanggil anaknya)
- P : Anaknya kelas berapa mas?
- SS: Yang satu...yang pertama...anak pertama itu kelas satu SMP, yang kedua itu kelas lima SD, yang terakhir masih belum...masih belum sekolah.
- P : Gitu mas apa...antara pendapatannya per bulan sama pengeluarannya itu bisa mencukupi nggak?
- SS: Ya tidak cukup mbak, ya kadang-kadang ya pinjem sama saudara...kalau ndak cukup.
- P : Berarti kalo nggak cukup, mas-nya pinjem ya?
- SS: Pinjem.
- P : Kalo pinjem gitu terus kalo ngembalino'e yak opo mas?
- SS: Ya kalo saya lagi menang, lagi beruntung, saya langsung kasih...hutangnya ya saya lunasi.
- P : Menang apa mas?
- SS: Ya...ya saya kan pengangguran, jadi saya tuh main judi mbak.
- P : Judi apa mas?
- SS: Sabung ayam.
- P : Selain sabung ayam?
- SS: Ya selain sabung ayam, kalo ada setiap tahun itu ada karapan sapi mbak. Itu pasti itu setiap tahun ada karapan sapi.
- P : Setiap tahun itu, satu tahun berapa kali?
- SS: Yang mana?
- P : Yang karapan sapi.
- SS: Yang karapan sapi ya satu kali.
- P : Oh...sekali cuma ada...
- SS: Satu kali.
- P : Oh...setahun cuma ada satu kali?
- SS: Satu kali.
- P : Lha kalo sabung ayam?
- SS: Ya kalo sabung ayam satu minggu itu tiga kali.
- P : Lho mas-nya pasti ikut...rutin?
- SS: Ya kalo sabung ayam itu rutin mbak, tiga...satu minggu itu tiga kali rutin.
- P : Kalo karapan cuma satu tahun sekali ya?
- SS: Iya.
- P : Tapi itu juga pasti ikut?
- SS: Sudah pasti ikut.
- P : Mas kenapa kok apa...kok ikut judi sabung ayam sama karapan sapi?

SS: Ya berhubung pengangguran mbak, cari kerja di mana-mana itu belum dapat, timbang nganggur ya tadi itu mbak...kerjanya ya judi sabung ayam tadi. Untuk menambah apa...untuk menambah biaya hidup gitu lho mbak.

P : Mas punya tabungan nggak, ato istrinya?

SS: Kalo tabungan saya...saya rasa ndak ada seh mbak, wong...wong penghasilan pas-pas'an itu mbak.

P : Nggak ada berarti?

SS: Ndak ada.

P : Kalo barang berharga mas?

SS: Barang berharga...saya kira ya ndak...ndak punya e mbak.

P : Gak punya?

SS: Ndak punya.

P : Apa kayak...perhiasan?

SS: Perhiasan ya cuman satu tok, anting itu tok mbak, anting yang dipake istri tok.

P : Kalo kayak TV?

SS: Kalo TV...ndak ada, cuman radio ada.

P : Mas-nya sering nggak ngajak keluarganya jalan-jalan?

SS: Oh...kalo jalan-jalan ya ndak pernah itu.

P : Gak pernah mas?

SS: Iya, ndak pernah.

P : Kenapa?

SS: Ya tadi itu mbak, kita kembali ke masalah keuangan tadi itu, ya cuman pas-pas'an tadi itu. Wong buat makan ae susah...apalagi buat jalan-jalan.

P : Mas'e main judi itu wes pira lama?

SS: Kalo ndak salah ya sekitar dua puluh...umur dua puluh tahun e mbak.

P : Oh...pertama...pertama kali main itu umur dua puluh tahun?

SS: Ya, dua puluh tahun, tapi ya ndak langsung ikut main judi...ndak mbak.

P : Lha terus?

SS: Ya masih lihat-lihat.

P : Lha terus main judi'ne sendiri mulai kapan?

SS: Sekitar umur berapa ya...sekitar umur...dua dua, umur dua puluh dua mbak, itu sudah main, iya.

P : Tapi main itu sampe sekarang?

SS: Iya, sampe sekarang...pancet.

P : Mas kan tau judi umur dua puluh...

SS: Iya.

P : Terus baru main kan umur dua dua...

SS: Dua dua.

P : Itu gimana mas...kok mas sampe isa ikut main judi itu ceritanya gimana?

SS: Ya berhubung saya liat teman-teman saya itu kok...kok enak gitu lho mbak.

P : Enak...enak gimana maksud'e?

SS: Ya kalo...enaknya ya itu mbak, kalo menang itu ya mendapatkan uang gitu lho mbak. Terus saya ya jadi kut-ikutan.

P : Jadi karena ngeliat...

SS: Ya, dari liat temen-teman itu mbak.

P : Mas biasa kalo pasang uang taruhan ,berapa mas?

SS: Ya anu mbak, wong namanya biayanya ndak ada mbak ya, paling banyak itu ya lima puluh...lima puluh ribu.

P : Itu buat yang...mana...judi yang mana?

SS: Yang sabung ayam.

P : Kalo yang karapan sapi satu tahun sekali, mas-nya pasang berapa?

SS: Soalnya kan waktunya masih lama...masih lama, saya ya...agak banyak.

P : Berapa?

SS: Ya sekitar dua ratus.

P : Dua ratus ribu itu uangnya darimana mas?

SS: Ya berhubung banyak teman ya pinjem sama teman mbak, pinjem dulu.

P : Pinjem dulu?

SS: Iya.

P : Terus kalo ternyata kalah gimana mas?

SS: Ya...anu mbak ya nanti belakangan urusannya mbak, kalo kalah ya...gimana lagi ya nanti belakangan urusan (tertawa) kalo utang tadi tuh.

P : Mas pernah gak pasang uang taruhan yang jumlahnya lebih besar lagi?

SS: Tidak pernah.

P : Kenapa mas?

SS: Ya tadi itu, ya ndak ada penghasilan mbak, kalo ada penghasilan sampingan ya mau.

P : Mas kalo setiap kali ikut main judi ya, itu ada perasaan keyakinan nggak kalo nanti bakalan pasti menang?

SS: Oh...itu harus, harus punya keyakinan.

P : Kenapa kok gitu mas?

SS: Soalnya main itu ya ndak...ndak mungkin setiap kali main itu ya kalah mbak, pasti ada menangnya.

P : Jadi maksud'e sebelum saben kali main, mas itu yakin opo gak?

SS: Yakin menang.

P : Mas sendiri sebenarnya kenapa kok...kok ikut main judi? Kok sampe mas main judi, mengapa?

SS: Ya karena tidak punya pekerjaan tetap, soalnya saya cari pekerjaan itu sulit.

P : Lha terus akhirnya?

SS: Akhirnya ya tadi itu mbak, timbang nganggur ya...judi tadi itu mbak, ya karena judi tadi itu mbak...ya untuk pekerjaan saya. Saya memang pernah cari pekerjaan...yang baik, kemana-mana itu ya ndak dapet, ndak ada e mbak.

P : Jadi karna mas nggak dapet kerjaan, terus akhirnya...

SS: Ya judi tadi itu! Ya kalo ndak main judi, terus dapet uang darimana? Wong...apa...hasil istri saya itu anu...sudah tidak cukup mbak, sekarang biaya apapun ya mahal.

P : Selama mas main judi iki, lebih sering menang ato kalah mas?

SS: Kalo main judi saya kira sering menang itu mbak.

P : Sering menang?

SS: Iya. Tapi meskipun sering menang hasilnya ya pas-pas'an, soalnya ya tadi itu jumlah untuk main judi itu sedikit gitu lho mbak, jadi ya tetep pas-pas'an.

P : Kalo menang gitu mas, uangnya mas pake buat apa aja?

- SS: Ya...kalo menang...kalo setiap kali menang itu ya disisihkan untuk membantu istri sedikit, dan yang satu...yang sedikit laginya ya untuk tadi itu mbak...apa merawat...untuk ayam itu mbak, merawat ayam itu tadi.
- P : Oh...jadi buat merawat ayam itu...buat main?
- SS: Iya, merawat ayam buat main.
- P : Memang perawatannya sendiri gimana mas?
- SS: Kalo ayam kayak...buat ayam sabung ayam itu mbak ya, itu perawatannya khusus itu mbak.
- P : Khusus gimana?
- SS: Tidak sembarang kasih makan, minum, itu ndak...ndak...ndak sembarang. Kalo kasih makan, makannya nanti dicampur...ada ramuannya itu mbak.
- P : Ramuan apa?
- SS: Ya untuk itu...jaga badannya biar kuat, sehat itu lho mbak, biar ndak sakit-sakitan. Minumnya juga gitu, minumnya ada kayak model kapsul itu lho mbak...buat anu...campurannya minum itu mbak, untuk minum ayamnya itu.
P1-104	P : Nah...ngutang gitu cara ngembalino'e yak opo mas?	
S1-104	SN: Yo engkok lek menang main iku baru dibalikno.	
P1-105	P : Lek kalah?	
S1-105	SN: Lek kalah yo dijanjen-janjeni ae mbak, dijanjeni opo ngenteni bayaran.	
P1-106	P : Lho mas ngutang itu buat main juga apa nggak?	
S1-106	SN: Lho yo digawe main iyo, digawe sedina-dina iyo mbak. Tapi lek digawe main biasane iku aku yo gak ngomong bojoku.	
P1-107	P : Mas kemarin bilang eh...punya barang kayak radio, terus sepeda, terus tv cilik-cilik, itu tv-ne mas itu ada berapa?	
S1-107	SN: Yo mek siji mbak, cuman cilik ngono lho maksud'e. (tertawa)	
P1-108	P : Dadi satu ya?	
S1-108	SN: He...ehm! Iku ae entuk ngredit kok mbak...jek ket lunas kabeh.	

P1-109	P : Mas kan main judinya lebih dari satu ya? Itu selain kartu, doro, togel sama sutil, mas kan bilang kan wes uakeh...isa disebutno lagi nggak?	Identitas Subjek
S1-109	SN: Yo doro'an barang ngono iku mbak.	
P1-110	P : Yo selain doro?	
S1-110	SN: Doro, dingdong...yo uakeh...gaplek barang, iku mbak.	
P1-111	P: Lho tapi dari semua...lho mas iku maksud'e bisa semua iku?	
S1-111	SN: Isa...lek dulin kabeh ngono isa.	
P1-112	P : Lha sing paling sering?	K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I
S1-112	SN: Sing paling geleg iku mbak? Sing paling geleg yo doro'an mbak...doro'an karo kartu tok. Pokok'e buyar doro'an yo kartu.	
P1-113	P : Setiap hari?	
S1-113	SN: Iyo!	
P1-114	P : Lho yang paling sering iku...berarti itu apa karena mas suka ato apa karena apa? Kok maksud'e kok doro sama kartu itu kok lebih sering?	
S1-114	SN: Yo soale loro iku sing paling enak mbak, sing paling enak iku maksud'e kayak...yak opo yo...jarene wong-wong iku onok seni'ne ngono iku lho mbak.	
P1-115	P : Memang seni'ne yak opo?	P E N J U D I
S1-115	SN: Lek umpamane kayak doro'an ngono iku kan...pertama kayak ngajar-ngajari'ne...ngajar-ngajari'ne sampe isa pinter, ngono yo? ado, engkok lek wes ditarungno sampe dorone njungkel-njungkel ngono iku mbak, iku seni'ne nang kono...dadi isa apik, sampeyan gak tau ndelok mbak, engkok mari ngene iki lho ndelok, kene kan mari ngene onok totoan, iku isa ketok umpamane lek melip-melip ngono doro'ne...uapik mbak, isa mulet-mulet ngono doro'e.	

<p>P1-116 S1-116</p>	<p>P : Lha kalo kartu seni'ne opo mas? SN: Kartu seni'ne iku yo kadang lek mbujuk'i arek-arek iku mbak, seni'ne iku nang kono...lho lek dulin-dulin biasa ngono iku yo wes ngono iku, biasa to mbak yo, tapi lek umpamane kene duwe kanca isa dijak anu'an...opo yo kayak gawe bolo'an, iku cara mbujuk'e iku lho, seni'ne iku nang kono mbak. Dadi engkok de'e sing isa ngintip'i kartune musuh-musuh, terus ngek'i kode-kode...ah iku seni'ne kan ndek kode iku mau. Yak opo carane arek-arek ojo sampe ero.</p>	<p style="text-align: center;"><b>K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I</b></p>
<p>P1-117 S1-117</p>	<p>P : Memang kode'ne iku yak opo mas? SN: Lho kode'ne iku sak durung'e ngono kene iku janjian ambek bolo'ne mbak, bolo'ne kene dewe, dadi kode iku mboh...lek kartune kono luwih cilik, iku ketip...ketip pisan ta ketip pindo, ngono iku janjian, gak ngerti umpamane kartune luwih gede...mboh garuk-garuk ta, ngono lho...uakeh, dadi tergantung janjian'e mbak, gak ngerti...watak barang iku yo isa digawe kode, kayak ngono-ngono iku.</p>	
<p>P1-118 S1-118</p>	<p>P : Mas kemarin kan bilang main judi'ne iku saben dina, gak tau absen yo? Memang'e mas gak onok kerja'an liya ta? SN: Gak onok yo mbak yo.</p>	<p style="text-align: center;"><b>Persepsi terhadap judi sebagai kegiatan pengisi waktu luang</b></p>
<p>P1-119 S1-119</p>	<p>P : Setelah pulang kerja itu... SN: Iyo...gak onok, soale yak opo mbak, gak onok keahlian liya e mbak.</p>	
<p>P1-120 S1-120</p>	<p>P : Lho memang'e mas judi sepulang kerja itu karena itu tadi? SN: Yo duduk mbak, kadang iku lek nang nggone kerja'an ngono iku mbak yo pikiran'e iku kepingin lhang cepet mulih ngono lho mbak, pingin lhang cepet mulih...yo iku...nggumbul iku mau, kayak lek umpamane doro'an iku lak dulin'e iku lak kadang mulai isuk sampe sore to mbak, sampe surup-surup iku lho...lha iku...dadi lek bengi kan gak isa dulin. Biasane dina-dina prei ngono iku rame mbak.</p>	<p style="text-align: center;"><b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b></p>

P1-121 S1-121	P : Lho prei minggu ta? SN: Dina prei, yo mboh...minggu. mboh rioyo, pokok'e sing tanggalan abang iku lho mbak.	
P1-122 S1-122	P : Mas, waktu kemarin aku tanya, mas gak cukup kok malah digawe main, mas kan njawab'e "Yak opo mbak, jenenge wes ngene, masih'o cukup gak cukup yo wes kebiasaan, wes kadung enak e mbak". Lha maksud'e jenenge wes ngene iku opo mas? SN: Wes ngene iku...yo yak opo yo mbak yo, onok gak onok duek iku wes kebiasaan dulin mbak, wes kebiasaan. Dadi onok gak onok yo wes gak onok beda'ne ngono iku lho, onok gak onok...kene dewe kan yo ngerti...kene dewe wong gak duwe yo? Dadi onok gak onok iku rekenane gak...gak onok anu'ne...gak onok...yak opo yo...kayak perubahan'e ngono iku lho mbak.	K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I
P1-123 S1-123	P : Lha maksud'e kadung enak iku yak opo mas? SN: Yo kadung enak iku biasane kan kene mikir enak-enak'e iku...enak nggumbul'e, enak lek umpamane menang'e, yo kayak ngono-ngono'ne tok iku enak'e.	
P1-124 S1-124	P : Lha menarik'e main judi dewe bagi mas iku opo? SN: Menarik'e? Yo menarik'e iku lek onok seni'ne mbak, onok seni ngono iku lho, dadi kayak siji-siji kene dulin opo onok tantangan'e, siji onok opo, onok tantangan'e siji-siji ngono lho! Kene iku lak kepingin dadi juarane terus a mbak, yo iku tantangan'e iku kan ndek kono.	
P1-125 S1-125	P : Dadi menariknya itu... SN: Iyo! Sakiki kene lek juara iku otomatis arek-arek iku lek kape nganu ambek kene iku rada...rada yak opo yo...rada...eh...rada nge-per titik ngono lho mbak. Dadi umpamane kape main ambek kene iku rada-rada nge-per ngono iku lho...yo rada diwedeni ngono iku lho mbak.	<b>Persepsi Terhadap Judi</b>

P1-126 S1-126	P : Diwedeni iku maksud'e yak opo mas? SN: Yo diwedeni iku lak...umpamane onok wong kape dulin ambek kene yo, iku lak wes anu...wes kacrek disek'an to mbak. Nah engkok kadang kene iki umpamane onok wong sing duwe duek...duwe duek iku kene di-bon.	<b>Situasi Perjudian</b>
P1-127 S1-127	P : Di-bon? SN: Di-bon iku kayak disewa ngono lho mbak, kongkon dulin nang nggon liya cuma dibondo'i ambek de'e iku mbak, karo sing duwe duek iku dibondo'i...dibondo'i gawe main iku, engkok pembagian'e iku separo-separo lek menang iku. Biasa'e lek bondo'i ngono duek'e rada gede. Iku onok...sing duwe-duwe duek iku, biasane ngebon-gebon ngono iku.	
P1-128 S1-128	P : Mas kalo main judi gitu, sing mas rasa'no iku yak opo mas? SN: Perasaan'e ta mbak? Perasaan'e yo tegang mbak.	<b>Kategori tipe penjudi</b>
P1-129 S1-129	P : Tegang? SN: Iyo tegang perasaan'e.	
P1-130 S1-130	P : Mek iku tok, tegang iku? SN: Yo justru sing...tegang iku sing nggarakno asik iku yo tegang'e iku lho mbak.	
P1-131 S1-131	P : Asik maksud'e yak opo mas? SN: Asik iku yo...yak opo yo...sing nggarakno uwong iku kepingin mbaleni...mbaleni-mbaleni maneh yo teka asik iku mau.	

P1-132	P : Mas kemarin kan bilang kalo kalah main iku tambah panas. Tambah panas iku maksud'e yak opo mas?	
S1-132	SN: Tambah panas iku kayak ehm...(batuk)...kene umpamane kalah, yak opo carane kene iku mesti isa mbalekno duek modal'e disek, duek modal'e kene disek, yo kan? Sukur-sukur iku kalah...kene umpamane kalah, umpamane kalah limang atus dilipetno dadi sewu, yo? Dilipetno dadi sewu, kan pikiran'e kene ngene, lek umpamane kene menang kene sek bati limang atus, ngono!	K A T E G O R I
P1-133 S1-133	P : Lha lek kalah, lek ternyata kalah maneh? SN: Yo iku...aku lak mau ngomong yo mbak yo...pokok'e iku sing pertama kali dipikir...iku yak opo carane mbalikno duek bondo, mbalikno duek bondo disek iku, engkok lek sek tetep kalah-kalah ae yo mandek disek mbak...mandek disek, mboh ndelek musuh liya'ne ta, opo ngelamar-ngelamar nggon-nggon liya, doro-doro liya iku lho, iku lek istilahne nganu kan ngelamar iku mbak, umpamane aku tarung ambek kene mesti kalah, mesti kalah, mesti kalah, yo jok ndelek sing musuhne luwih abot, ndelek musuhne sing enteng gawe mbalekno bondo'ne disek, engkok lek wes bondo'ne wes onok, wes ngelumpuk...baru dibaleni maneh.	T I P E  P E N J U D I

P1-134	P : Lha lek dibaleni ternyata sek kalah maneh?	
S1-134	SN: Sek kalah maneh yo...yo iku mau mbak, sakiki umpamane kayak doru'an, iku lek kalah...kene usaha. Dadi usaha'e dina iku...kene kalah yo mbak yo, bengi iku...mboh nang dukun ta nang endi, pokok'e disekolah'no ngono iku lho mbak, biasane seh disekolahno ambek arek-arek iku, mboh bekupon'e musuhne iku ditolop iku lho...lek jarene ditolop iku lho, ditolop iku kayak dikek'i kayak lempung ngono iku lho mbak, lempung ditolopno nang nggone bekupon'e...nah iku ben no lek doru'ne musuhne menclok nang bekupon'e de'e gak gelem menclok...keweden, ngono. Podo ae lek dulinan kartu yo ngono, lek musuhne luwih abot terus yo karuan'e mandek disek, ndolek musuh sing rada enteng, ba ba kono dulin disek, musuhne rada enteng baru kene main maneh. (batuk)	K A T E G O R I  T I P E
P1-135	P : Lho mas kalo nyekolah'no doru'ne ndek wong pinter iku...iku kalo cuman waktu kalah'an tok opo...	
S1-135	SN: Biasane ngene mbak yo, (batuk) lek wes kene iku pisan nggowo nang wong pinter, otomatis iku kene nang wong iku terus. Dadi duduk pekara kalah ambek menang'e tok, kadang lek masih'o kene menang'an wong iku mesti melok kene terus, ngono lho...wong pinter iku...mesti melok kene terus iku, biasane soale lak dulinan doru iku mbak yo, dukun'e iku mesti teka ndek nggon'e...melok teka, cuman gak ngetoroi ngono lho mbak...gawe...gawe nggusak doru'ne musuhne, umpamane sing dipasang-pasang'i iku mau mbleset kabeh, gawe nggusak tepak'e de'e kape menclok nang bekupon'e iku lho, mboh atek jagung dislentik ta...opo ngono	P E N J U D I



	nyebul-nyebul ngono iku. Yo kadang berhasil kadang yo gak mbak ngono iku. Biasane ngono iku kuat-kuat'an dukun terusan. Ngono iku mbayar soale to...mbayar'e iku atek iku, lek menang baru...dibayar, lek kalah yo...	
P1-136 S1-136	P : Lek kalah? SN: Lek kalah yo gak mbak!	
P1-137 S1-137	P : Oh...gak mbayar? SN: Gak! Lek kalah paling yo nukok'no kopi karo rokok iku nang kono. (tertawa)	
P1-138 S1-138	P : Mas kan bilang ya kalo biasa pake dukun iku kan onok sing ngebosi... SN: Iyo, iku biasane wong-wong sing duwe duek iku mbak.	
P1-139 S1-139	P : Sapa mas? Sapa wong sing duwe duek? SN: Yo gumbulan...onok sing gumbulan, cuman uripe luwih mapan timbang kene-kene ngono iku lho mbak, biasane mboh de'e iku duwe usaha dewe...ngono iku.	
P1-140 S1-140	P : Nah...selain usaha disekolah'no iku, di-opo'no maneh biasae mas? SN: Yo dijamo'ni, engkok lek sore iku lek mari tarung kan lek sore wes srengene'e wes gak onok ngono...kan diumbar mbak, dikek'i mangan...dikek'i mangan iku lek wes melbu kabeh engkok siji-siji iku diadusi...biasane sing...sing gawe tarung-tarung tok iku, iku diadusi...diadusi karo banyu anget iku lho mbak, dadi kayak wong dipijet ngono iku lho, diuruti siji-siji lar-lar'e iku diuruti...iku ben no sehat maneh.	
P1-141 S1-141	P : Mas kemarin waktu...opo...bilang kan menang ambek kalah iku lak nontok-nontok to mas?... Nontok-nontok musuh'ne iku luwih pinter, iku maksud'e luwih pinter iku yak opo mas? Main sing endi? SN: Yo nontok dulin'e mbak, lek umpamane dulin'e kartu ngono iku yo, luwih pinter iku maksud'e luwih pinter nggedak ngono iku lho...gedak-gedakan'e iku lho	

K  
A  
T  
E  
G  
O  
R  
I  
  
T  
I  
P  
E  
  
P  
E  
N  
J  
U  
D  
I

	<p>mbak, dadi umpamane kene duwe kartu iku jumlah'ne wolu, umpamane jumlah wolu, de'e mek jumlah'ne mek papat...lek de'e luwih wani nggedak'e timbang kene...yo kene sing mundur, ngono lho. Iyo... Terus lek kayak dulinan doro, pinter iku lak duduk pinter'e wong'e mbak, iku lak pinter-pinter'e doro'e...lek doro'e luwih pengku yo...gak isa diseret ngalor-ngidul yo...biasane menang'an, ngono.</p>	<p>K A T E G O R I</p>
<p>P1-142 S1-142</p>	<p>P : Lha pengku iku opo to, mas? SN: Pengku iku kayak ngene lho mbak...sakiki biasane cul-culan'e nang endi, nang daerah endi...iku biasane metune iku nang etan mbak...nang daerah etan ngono iku...onok, dadi biasane iku nang etan kabeh wong iku mesti ndelok'e nang arah etan...biasane iku nang kono. Lha lak musuh'ne pinter iku...doro'ne iku pinter yo, doro'e kene iku isa digowo ngalor, pas nggone ndukur'e omah'e de'e. Dadi yak opo-yak opo kene umpamane doro'ne njungkel-njungkel, buanter'e sak pira...lak luwih cedek'an kono ta mbak?...yo jarak'e lak luwih cedek'an kono, yo menang kono.</p>	<p>T I P E  P E N J U D I</p>
<p>P1-143  S1-143</p>	<p>P : Mas kan bilang ya kalo saben dina'ne iku cangkruk ambek wong sing main. Opo'o mas, kok maksud'e mas iki milih nggumbul, cangkruk'an ambek wong sing main? SN: Yo wong-wong iku lak cedek'e omah to mbak, nggon-nggon'e kan yo cedek'e omah, sakiki lek cedek'e omah...dadi kene metu titik kan ketemu ambek wong-wong iku, nang endi ketemu ambek wong-wong iku, yo to mbak? Lak luwih raket. Saiki kene nang nggone liya, durung tentu isa luwih raket timbang wong-wong iki, ngono lho mbak.</p>	<p><b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b></p>

P1-144 S1-144	P : Lha ceritane yak opo sampe raket iku? SN: Yo teka...ndisek iku kan saking pindah kene iki kan metu-metu, metu-metu, ndelok kok akeh wong nggumbul-nggumbul terus cekikik-cekikik'an, ndelok...ndelok-ndelok ngono iku yo, onok sing kenal siji-loro ngono mbak, tonggo-tonggo pinggir-pinggir'e tok ngono iku lho. Yo iku terus ndelok-ndelok...kok apik, akhire melok dulin. Pertama'e nyoba-nyoba.	<p><b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b></p>
P1-145 S1-145	P : Pertama kali main judi iku nyoba-nyoba? SN: Iyo...pertama'e nyoba-nyoba...terus keterusen mbak.	
P1-146 S1-146	P : Sampe saiki? SN: Sampe saiki!	
P1-147 S1-147	P : Lha cerita'e pertama kok isa main judi iku yak opo? SN: Mulai awal mbak?	
P1-148 S1-148	P : Iyo. SN: Lho ero'ne kan pertama kali kan tepak'e sekolah ndisek mbak, teka sekolah ndisek iku mek...yo lek pelajaran kosong iku lho, jam-jam kosong iku lho...iku kan arek-arek onok sing nggawa kartu, yo iku main, ndelok-ndelok, kok asik-asik ngono lho arek-arek'e, yo mbak? Yo wes sekedar isa-isa'an tok lah ndisek iku mbak...sekedar isa-isa'an tok. Mari ngono...suwih...wes metu teka sekolah nyambut gawe, nyambut gawe terus aku, mari ngono kan aku rabi mbak, mari rabi aku terus kan ngekost, mari kost iku...yo iku terus lek bengi tepak'e sek nang njero kost-kost'an iku, nang omah...kok akeh wong opo...wong-wong rame-rame iku lho mbak, rame-rame iku nang ngarep kono iku kok akeh wong rame-rame, pertama'e seh gak ero...ndelok-ndelok, tak intip-intip tok teka jendela, wong jenenge pndatang mbak yo? (batuk) Mari ngono terus metu, metu...lapo seh?	

Kan kepingin ero lapo arek-arek iku, arek sek enom-enom yo sak pantaran aku ngene, onok sing nisorku. Parani ndelok...ndelok ngene terus omong-omong'an ambek tonggone kost-kost'an iku sing barengan...lho dulinan...dulinan kartu! Ndelok-ndelok sek mbak, ndelok-ndelok sek iku biasane iku akeh...akeh cikikikan'e timbang dulin'e, dadi dulin iku yo ambek cekikik...'an ae karepe dewe, kayak wong sempel e. Yo iku, terus ndelok-ndelok-ndelok,...kok onok duek, tepak iku ndek kantong onok duek titik-titik, emboh rong ewu ta pira ngono iku lho, nyoba-nyoba dulin mbak...nyoba-nyoba dulin kok menang, main! Menang iku tak main terus mbak yo...main terus. Mari ngono, gak suwih...ludes! Duek'e ludes! Mari duek'e ludes, karo tonggoku iki aku disilih'i...lha aku gak nyele, asli'ne iku gak nyele, mek ditawani ngono lho mbak...ditawani. Aku pertamane gak gelem, wong aku ndisek iku duduk wong main, mbak yo? Gak gelem! Engkok bingung mbalekno'e ngono iku. Mbalekno'e kan ngono iku...terus dipeksa "Wes gak po po, gak po po, gawe mbalekno modal...sing ngene...ngene...ngene", yo wes kepeksa, yo to mbak yo pertama. Kepeksa... main, main maneh kalah...kalah...kalah, akhire kalah temen mbak. Kalah temen terus mulih. Terus yo wes...wes mandek lah, mandek sek, mandek sek...terus njanjeni ae iku, nang tonggo iku, "Engkok lek bayaran...anu...tak balekno duek'e". Tiba'no mene'ne kan aku kerja iku kan kepikiran, pikiran iku yak opo mbalekno duek'e iku mbak, (batuk) yak opo mbalekno duek'e. Terus wes mari kerja...mulih, ndelok arek-arek dulin maneh...aku iku terus duwe pikiran ngene mbak "Wes tak dulin ae gawe

**Persepsi  
terhadap judi  
sebagai sarana  
untuk membina  
hubungan sosial**

	mbalekno iki ne disek”, pikiranku gawe mbalekno opo...utang’e iku lho mbak. Duek’e yo teka duek’e bojo, mboh ngomong...ngomong gawe opo-gawe opo, ngono iku lho...mbujuk’i sek mbak, gak lidok menang! Yo iku terus kebiasaan...sampe saiki akhire.	
P1-149 S1-149	P : Terus lanjut terus? SN: Lanjut terus!	
P1-150 S1-150	P : Gak tau mandek yo? SN: Gak tau, mbak!	
P1-151 S1-151	P : Ehm...mas kan kalo main iku lak biasane seratus persen yakin pasti menang, kok isa mas? SN: Lho kabeh wong dulin iku harus yakin mbak, dadi ati iki ditatak-tatak’no ngono lho mbak. Pikiran’e kene iku, umpamane kayak dulinan kartu, yak opo carane iku pinter-pinter’an ngedak, gedak-gedakan’e iku luwih pinter’an endi, ngono mbak. Harus yakin! Masih’o dor’an barang iku lek mari disekolah’no, harus yakin menang iku yo an. Isine lek mari disekolah’no iku wani tok mbak tambah’an, wani tok tambah’an lek dor’an mari disekolah’no iku wani tok isine, onok duek pira ngono iku dikabeh-kabeh’no mbak.	K A T E G O R I  T I P E
P1-152 S1-152	P : Eh...mas kan bilang kalo gak isa mandek main yo to? SN: Iyo!	P E N J U D I
P1-153 S1-153	P : Eh...kan mas ngomong kan atine sing isa yak opo. Nah iku yak opo maksud’e mas? SN: Yo atine iku kayak gak enak kabeh iku lho mbak.	
P1-154 S1-154	P : Gak enak kabeh yak opo? SN: Gak enak iku kayak...yak opo yo...kayak...kayak wong lek...ngene ae lho mbak...gampang-gampang’e ngene lho...umpamane sampeyan kebiasaan ngerokok yo, mari mangan terus rokok’an, terus mari ngono sampeyan mangan...mari mangan gak	

	<p>rokok'an, lak kayak gak enak a mbak. Soale kan wes kebiasaan to mbak ngono iku. Yo iku...dadi onok sing ngganjel ngono iku lho.</p>	
P1-155 S1-155	<p>P : Ndek atine? SN: Iyo...kok onok sing kurang, biasane ngono kan...biasane ape nang kene mesti lewat kene, kok iki mari...mari ngono diganti, engkok ape nang kene kok gak ngelewati iki, langsung nang kene, kok isa... ngono kan gak enak mbak, kurang ngono iku. (tangan membuat peragaan di tanah)</p>	<p style="text-align: center;">K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I</p>
P1-156 S1-156	<p>P : Eh...mas dewe sebenar'e tau gak kepikiran gawe mandek main? SN: Sampe saiki seh gak tau mbak yo.</p>	
P1-157 S1-157	<p>P : Gak tau kepikiran? SN: Gak tau blas kepikiran. Biasane mikir'e iku mikir menang'e tok tambah'an mbak.</p>	
P1-158 S1-158	<p>P : Gak tau mikir mandek? SN: Gak tau mikir mandek'e.</p>	
P1-159 S1-159	<p>P : Pengaruh'e mas main judi iki gawe rumah tangga'e mas, yak opo mas? SN: Pengaruhne yo...yo titik-titik'o yo onok mbak yo. Titik-titik tok onok, yo isa nggarakno wong gegerakan...iyo, gegerakan'e iku biasane pekara'ne nang duek.</p>	
P1-160 S1-160	<p>P : Ambek sapa? SN: Yo karo arek wedok iku mbak, bojoku. Engkok pekara duek iku lak...kadang duek'e tak jupuk ngono iku gak ngomong, engkok moro diarani...rame. Yo wes ngono iku mbak, kebanyakan ngono.</p>	
P1-161 S1-161	<p>P : Lha lek misale masalah gara-gara main lek ambek kanca? SN: Opo'o mbak?</p>	
P1-162 S1-162	<p>P : Tau? SN: Gara-gara kanca opo'o?</p>	

P1-163	P : Gak, maksud'e mas iku tau gak duwe masalah gara-gara main, masalah'e ambek kanca?	K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I
S1-163	SN: Oh...yo...yo gelek seh mbak, lek ngono iku gelek, yo gak aku tok. Biasane lek wong main ngono mesti mar...karo kanca ngono mesti onok ae, tau, pisan pindo ngono iku wes tau lah. Pisan pindo iku yo umpamane kayak pembagian'e kurang, yo...gak ngono licik'an, dulin'e licik'an, yo kayak aku ngomong mau iku lho mbak, lek...lek pas dulinan kartu iku kode-kode'ne moro-moro ketemon, ah...iku lho,iku... engkok iku ruame...rame'ne iku medeni mbak.	
P1-164	P : Yak opo?	
S1-164	SN: Lho isa antem-antem'an, pertama eker-ekeran disek mari ngono antem-anteman dewe isa'an.	
P1-165	P : Terus?	
S1-165	SN: Yo engkok onok sing anu'no...damai'no ngono onok mbak. Damai'no iku engkok kene kongkon nempui ping pira, iku. Soale sing dirugino lak duduk wong siji tok iku a mbak rekenane. Lek umpamane kayak doro'an iku yo uakeh...dadi kayak disawit, terus eh...biasane mbayar'e kurang. Dadi umpamane totoan'e rong atus opo telung atus, musuhne iku wes ngomong ya...yo...ya...yo, tiba'no mbayar'e mek satus seket, mek rong atus, ngono tok lho mbak, ngono.	
P1-166	P : Lha disawit iku opo mas?	
S1-166	SN: Disawit iku ngene lho mbak, dadi kene...musuh'ne iku duwe doro, ules'e iku podu kabeh.	
P1-167	P : Ules?	
S1-167	SN: Ules iku keler, keler'e ngono lho mbak, kayak gambiran...gambiran iku coklat, nah...keler'e iku plek kabeh, dadi coklat...coklat kabeh, umpamane endas'e onok plontang'e si...sitik, plontang'e iku kayak...kayak onok putih-putih'ne sitik ngono lho...endas'e siji, iku de'e duwe doro iku sing	

	<p>kembar, cuman sing siji iki sing wes ancene diajari adoh, sing siji iki sing gak kenek endi-endi, tepak'e di-cul, sing gak kenek endi-endi iki sing di-cul adoh mbak, sing gak kenek endi-endi iki, lha sing kenek adoh iki di-cul cedek-cedek. Ngono iku biasane wes main HP-HP'an mbak ngono iku.</p>	
P1-168 S1-168	<p>P : He...? SN: Main HP.</p>	<p>K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I</p>
P1-169 S1-169	<p>P : HP? SN: Iyo, handphone-handphone'an ngono. Iku lek totoan'e gede-gede'an iku sawit-sawit'an iku gelek. Dadi musuh'ne ngeculno...ambek kene kan ngeculno, yo to? Taker-taker'an tali, kan onok ngono iku taker-taker'an tali, terus dorone musuhne iku nglibet ae nang kono kan gak ngerti dalan'e mulih to mbak, tek'e kene kan ketokan'e kayak wes ninggal ngono lho, mulih disek. Lha tutuk omah, tarung...lha kok isa tek'e kene sing kalah ngono lho, ngono. Iku mesti...mesti ketemon lek ngono iku mbak, soale gak masuk akal lek ngono iku, gak masuk akal, soale gak masuk akal'e iku biasane mbleset'e teka tali iku mau, taker-tukuran'e tali iku mau mbak.</p>	
P1-170 S1-170	<p>P : Tali yak opo? SN: Lek ape tarung...doro lak ape tarung lak mesti...kene nggowo tali dewe keler'e biru, sing musuh'ne duwe tali dewe keler'e kuning, dicancang'no nang...opo nang nggone sikil'e lho, taker-taker'an, dadi engkok gawe nanda'i lek wes teka ngono lho mbak. Dadi engkok iku tali'ne sing dijupuk, bener gak iki doro'e, ngono lho...ngono.</p>	
P1-171 S1-171	<p>P: Lho, gawe handphone, mas'e duwe handphone ta? SN: Yo gak! Yo tek'e arek-arek iku mbak. Biasane yo disilih-silih'i tok iku lek gawe...lek main licik'an iku tok.</p>	



P1-172	P : Lha lek...lek masalah ambek kerja mas, gara-gara main?	
S1-172	SN: Lek kerja'an ngono gak tau mbak yo, masalah ndek kerja'an gara-gara main ngono nggak tau. Yo cuman biasane lak gara-gara main kegawa sampe kerja'an iku tau.	
P1-173	P : Yak opo?	<b>Kategori Tipe Penjudi</b>
S1-173	SN: Dadi kerja iku aras-aras'en, soale mikir'i...yak opo main maneh engkok menang opo kalah? Gak ngono, lek yakin menang'an lhang kepingin lhang cepet mulih, dadi kerjaan'e iku kayak di-opo...wong kerjane iku kayak setengah ati iku lho mbak, lhang cepetan...lhang cepetan mulih ngono tok lho mbak. Tapi lek umpamane akeh utang'e, ojok mulih disek...ojok mulih disek, ngono.	
P1-174	P : Mas kan gak gelem anak'e ero yo, melok-melok main?	P E R S E P S I  T E R H A D A P  J U D I
S1-174	SN: Ojok sampe mbak! (batuk)	
P1-175	P : Iku opo'o mas?	
S1-175	SN: Yo yak opo yo mbak yo...masih'o kene kayak ngene mbak yo, kayak dulin ngono iku...ojok sampe lah sing jenenge anak iku terus melok'i bapak'e, engkok melok-melok dadi wong dulin...dadi wong anu...a lek isa kan luwih pinter a mbak, ngono iku.	
P1-176	P : Lho memang'e judi dewe gawe mas'e iku yak opo seh, apik opo...	
S1-176	SN: Lho aku ngono yo ngerti mbak lek jenenge judi iku yo elek to mbak. Yo mesti ngerti elek, cuman kadang iku lek kene wes dulin...kene wes dulin, sing jenenge pikiran sing aneh-aneh iku kene iku lali mbak, kene wes lali. Dadi tepak'e gak dulin ngene iki...ero, lek iku jenenge elek iku ero, tapi lek wes...	
P1-177	P : Tapi kok sek dilaku'no?	J U D I
S1-177	SN: Tapi lek wes kadung dulin, iyo...wes kadung dulin, kasik'en lali wes an. Lali...lali iku jenenge apik opo elek lali wes an. Pokok'e sing ngerti aku dulin, ngono tok!	

P1-178 S1-178	P : Lha judi iku halal opo haram mas? SN: Yo nontok-nontok mbak.	<b>Persepsi Terhadap Judi</b>
P1-179 S1-179	P : Nontok-nontok yak opo? SN: Lho lek...lek agama yo mesti ngomong iku haram yo mbak yo? Tapi lek onok duek'e yo dadi halal to mbak, biasane kan ngono.	
P1-180 S1-180	P : Kok isa? SN: Lho iyo to mbak! Sakiki lek gak onok duek'e yo kabeh yo halal to mbak...eh haram! Tapi lek onok duek'e yo halal tok!	
P1-181 S1-181	P : Dadi ndek pikiran'e mas lek onok duek'e iku... SN: Halal! Yo kabeh ae lah mbak, takok'ono wong kabeh pokok'e dadi duek lak halal mbak.	
P1-182 S1-182	P : Mas kan ngomong yo...opo...lek njaluk bantuan iku lak teka utang-utang ambek kancane iku, selain iku onok maneh opo gak? SN: Yo gak onok mbak, yo wes iku tok. Duduk bantuan yo utang to mbak iku mbak.	<b>Kategori Tipe Penjudi</b>
P1-183 S1-183	P : Mas selama main iku tau kenek grebeg opo gak, mas? SN: Lek kartu mbak, gak tau. Kartu gak tau, lek doro'an gelek. Gelek lek doro'an!	<b>Situasi Perjudian</b>
P1-184 S1-184	P : Gelek yak opo? SN: Yo gelek kenek grebeg ngono, cuman biasane ngono iku onok...onok patroli polisi ngono mbak yo, sing teka ngono iku, lek kepingin gak kenek grebeg, umpamane...Polisi iku pinter-pinter mbak, dadi umpamane dina-dina prei ngono iku de'e wes nyanggong...nyanggong, sakjane ngono opo mbak, kepingin njaluk duek nang iku...ngono iku! Sing jeragan-jeragan sing duwe bekupon ngerti kabeh. Dadi umpamane nang daerah kene mbak yo, kene kan gede, kan bekupon'e uakeh, onok wolu ta onok songo kene iki mbak, ngono iku urunan gawe mbayar polisi iku mau.	

P1-185 S1-185	<p>P : Sering ta iku?</p> <p>SN: Gelek mbak! Sak ulan lho isa ping pindo ping telu, gelek kayak ngono iku, yo polisi'ne gak njaluk langsung ngono enggak, yo pertama iku mek meneng tok ndelok-ndelok, ngono tok iku, "Rame?" Takok-takok ngono tok iku lho mbak, jenenge aku ambek polisi yo wes wedi, gak ero wes ngalah ae mbak, cuman jarene arek-arek kayak ngono. Engkok lek de'e ngomong rame ngono iku wes ngerti'o mbak, njaluk...njaluk jatah ngono iku.</p>	<b>Situasi Perjudian</b>
P1-186 S1-186	<p>P : Lek misale gak dikek'i jatah?</p> <p>SN: Gak dikek'i jatah yo iku mau, digrebeg'i, diangkuti kabeh mbak, diangkuti sak bekupon'e, sak doro'e, sak arek-arek'e...sak arek-arek'e. Kancaku ae tau kenek kapanane iku pirang dina ditebus iku njaluk pira...limang atus be'e...sak uwong.</p>	
P1-187  S1-187	<p>P : Mas kan ngomong yo kalo lagi duwe masalah iku tambah pingin dulin tok, berarti kan pikiran'e wes seneng tok pokok'e. Seneng tok iku yak opo mas?</p> <p>SN: Yo seneng tok, dadi pikiran'e iku rekenane kayak gak onok beban'e ngono lho mbak. Beban'e iku lak...kayak dulinan kartu, pikiran'e iku yo mek nang kartu tok to mbak, gak mungkin pikiran'e terus nang nggon'e liyane kan...gak mungkin, yo mesti kalah lek an ngono iku tambah'an, ngono. Lek dulinan doro kan pikiran'e iku kan ngene, "Kapan doro'ne teka...kapan doro'ne teka", mek ngono tok to mbak, dadi wes gak eling, opo maneh nek menang oh...tambah lali mbak. (menyalakan rokok)</p>	<b>Persepsi terhadap judi sebagai mekanisme pelarian dari masalah</b>
P1-188  S1-188	<p>P : Biasane kan opo...mas lek onok masalah iku lak main iku masalah rumah tangga yo mas?</p> <p>SN: Iyo!</p>	

P1-189	P : Iku masalah rumah tangga sing yak opo mas?	<b>Persepsi terhadap judi sebagai mekanisme pelarian dari masalah</b>
S1-189	SN: Yo biasane duek belanja kurang...ngono iku lho mbak, mbayar duek'e anak kurang sekolah'e, kayak ngono iku. Biasa lah mbak, wong jenenge rumah tangga yo wes kayak ngono iku, masalah iku mesti onok, pisan pindo mesti onok. Gelek yo onok!	
P1-190	P : Hah...?	
S1-190	SN: Gelek masalah yo onok, yo gak tentu ngono iku mbak.	
P1-191	P: Mas kan ngomong kalo opo...duwe masalah ngono wes karuane nyengkre teka omah, lha mas'e nyengkre iku...yo memang'e bener nyengkre tapi gak main, gak ambek main ngono?	
S1-191	SN: Lek kebak'yan lek aku metu teka omah mbak, lek saiki iki mbak yo, lek metu teka omah, wes mari kerja ngono, kebak'yan iku akeh dulin'e timbang nggak'e mbak. Kebak'yan akeh dulin'e.	
P1-192	P : Kenapa?	
S1-192	SN: Yo wes 'ben dina'ne iku lho mbak, dadi wes 'ben dina'ne ngono...yo gawe ngilangno pikiran-pikiran, isa...	
P1-193	P : Mas kan tujuan'e kalo punya masalah main mas yo, kan mari ngono kan ngombe, terus opo...kan isa ilang yo masalah'e, mas kan tau ngomong, mboh maneh lek mene'ne tangi eling terusan. Berarti mas iku tau, maksud'e sering gak mas iku lek duwe masalah ngono metu, terus wes bengi turu tapi isuk'e eling maneh?	
S1-193	SN: Ngene lho mbak, saiki aku tepak'e njawab ngono iku mbak yo, iku lak kadaan aku iki sadar mbak, iyo? Lek sadar isa njawab ngono, lha tepak'e ancene bener-bener wes mendem, wes seneng-seneng ambek arek-arek, pikiran ngono iku wes gak onok,	

	<p>kape eling-eling maneh iku gak onok, ero'ne kan mek seneng'e tok, gak duwe pikiran mene eling maneh ngono gak onok mbak. Pokok'e pikiran tepak iku yo mek seneng tok, ngono lho. Lho lek sadar ngono sek isa...kene mikir gena ngono sek isa, tapi lek wes kadung mendem, wes...gak isa!</p>	
P1-194 S1-194	<p>P : Kanca cangkrukan'e mas iku main kabeh ta? SN: Yo onok sing dulin onok sing gak mbak. Sing nggak iku...biasane lek nyangkruk yo mek nyangkruk-nyangkruk ngono tok, terus gak suwih melbu, ngono-ngono tok lho, kayak wong ngisis iku lho mbak lek bengi. Sing 'ben dina'ne cangkruk kono yo ancene wong dulin kabeh iku.</p>	<p><b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b></p>
P1-195 S1-195	<p>P : Eh...sebenar'e judi dewe bagi mas'e iku sebagai opo? SN: Yo gawe ndelek kanca...gawe...yo yak opo yo mbak yo...</p>	
P1-196 S1-196	<p>P : Gawe ndelek kanca iku maksud'e yak opo mas? SN: Gawe ndelek kanca ngene lho mbak, saiki lek wong dulin mbak yo... iku lak karo kanca-kanca iku isa kayak raket mbak, opo ae dibelani ngono lho mbak.</p>	
P1-197 S1-197	<p>P : Memang'e lek gak main gak ngono ta? SN: Liya mbak, hubungan'e iku liya, isa luwih reket iku lho mbak. Isa luwih reket lek karo arek-arek dulin iku isa luwih reket, engkok nganu diewang'i, opo diewang'i, meskipun kadang gak ngewang'i duek, mboh ngewang'i tenaga ta opo, ngono iku lho mbak, dadi wes gak onok itung-itungan iku gak onok.</p>	
P1-198 S1-198	<p>P : Mas sing ngomong kalo duek judi iku duek panas, iku maksud'e duek panas iku yak opo mas? SN: Duek panas iku mbak lek umpamane eh...sing kene entuk duek'e iku lak...duek teka main yo mbak yo, entuk'e lak rekenane lak cepet mbak, ngono iku, biasane ngono iku entek'e mesti cepet, mboh engkok onok ae,</p>	

	<p>mboh gawe opo...gawe opo...gawe opo...iku entuk'e cepet entek'e iku cepet mbak, dadi ngomong lek disimpen ngono iku gak isa. Iyo...dadi wes panas iku lak...kayak banyu iku isa entek ngono lho mbak, sat iku lho, cepet sat'e yo an (tertawa) lek panas.</p>	
--	--	--

## LAMPIRAN F

Koding Subjek Penelitian II

Kode	Verbatim	Kategori
P1-001 S2-001	P : Namanya sapa, bu? SE: Eni, mbak.	I D E N T I T A S  S U B J E K
P1-002 S2-002	P : Ibu umurnya berapa, bu? SE: Umurku telung puluh taun, mbak.	
P1-003 S2-003	P : Ibu sekolah terakhir'e sampe kelas berapa? SE: Aku iki sekolah SMA kelas siji tok wes mutul, mbak.	
P1-004 S2-004	P : Opo'o bu, mutul? SE: Yo...wong tua-ku iku gak duwe biaya...gak mampu, dadi yo kelas siji tok.	
P1-005 S2-005	P : Ibu iki bekerja opo gak? SE: Aku gak kerja.	
P1-006 S2-006	P : Lek suamine ibu kerja? SE: Bojoku iku mbecak mbak, lha wong sekolah'e mek SD tok.	
P1-007 S2-007	P : Lek selain suamine ibu...ndek keluargane ibu onok maneh gak sing kerja? SE: Uh...yo gak onok mbak, soale anakku lho jek cilik-cilik.	
P1-008 S2-008	P : Anak ibu sekolah? SE: Iyo...sing gede iku SD kelas enam, ka...dadi...sing siji kelas papat ambek kelas telu.	
P1-009 S2-009	P : Kalo usaha sampingan bu...usaha gawe nambah-nambah duek ngono onok gak, bu? Usaha lain maksud'e selain mbecak iku? SE: Gak onok mbak, usaha lain yo iku aku melok-melok main konco-koncoku iku.	
P1-010 S2-010	P : Lho...memang'e melok main iku isa gawe nambah duek ta, bu? SE: Yo lek pas oleh ngono yo lumayan mbak, isa digawe nambah-nambah belanja.	Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk meningkatkan taraf hidup ekonomi
P1-011 S2-011	P : Lho...duduk ibu gawe belanja gak cukup ta? SE: Yo gak cukup! Lha wong narik becak e pira mbak penumpang'e lho gak mesti.	

P1-012	P : Memang'e sak bulan iku isa dapat duek pira bu dari becak iku?	I D E N T I T A S
S2-012	SE: Gak mesti...lha wong kadang entuk pitung ewu, kadang entuk petang ewu, yo kadang entuk selaweh tapi iku juarang mbak...paling sak ulan iku yo lek sampe petang atus petang atus seket'an lah.	
P1-013	P : Lha sak mono iku gak cukup ta?	
S2-013	SE: Gak cukup mbak, kebutuhan'e keluarga iku lho uakeh, durung engkok onok lek pas anak loro, durung engkok lek gawe mbayar kurang'ane tunggak'an-tunggak'an iku.	
P1-014	P : Tunggak'an?...Tunggak'an opo?	
S2-014	SE: Yo tunggak'an belanja iku mbak, kan utang aku ben dina kan gak isa, lek gak isa mbayar kan mesti nunggak	
P1-015	P : Utang disek ngono?	S U B J E K
S2-015	SE: He...ehm.	
P1-016	P : Lha iku...bapak iku...suamine ibu iku nanggung uripe wong pira, bu?	
S2-016	SE: Yo sak keluarga iki pak, anak lan bojone iki, wong lima.	
P1-017	P : Lha kalo menurut'e ibu...memang'e main judi iku yak opo seh pengaruh'e gawe keuangan'e ibu?	Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk meningkatkan taraf hidup ekonomi
S2-017	SE: Yo pengaruh'e iku sakjane lek entuk lumayan isa di-nggo tambah-tambah'an ngono,mbak. Isa digawe liyan-liyan'e.	
P1-018	P : Opo...memang'e dari main itu...iku isa buat nyukupi kekurang'ane ibu mau iku ta?	
S2-018	SE: Yo lek pas oleh iku lumayan kenek di-ngge mbayar tunggak'an-tunggak'an mau, dadi utang'e rada kalong.	
P1-019	P : Lha ibu memang'e sering menang ta?	Kategori tipe penjudi
S2-019	SE: Yo tapi lek dibanding kalah'e, sek akeh sering oleh'e...mbak.	
P1-020	P : Lek menang iku bu, duek menang iku ibu gawe opo ae, bu?	
S2-020	SE: Yo iku mbak, gawe nambah'i duek belanja yo ambek digawe mbayar-mbayar tunggak'an mau iku.	
P1-021	P : Selama ibu main iku yo...duek menang iku ibu gawe maen maneh opo gak?	
S2-021	SE: Kadang tak gawe main maneh, yo kadang gak, dadi gak mesti.	



P1-022	P : Ibu ato suamine iku punya tabungan opo gak?	I D E N T I T A S  S U B J E K
S2-022	SE: Kok ditabung mbak, digawe nyukupi kebutuhan keluarga, gawe tunggak'an-tunggak'an ae wes isa wes untung.	
P1-023	P : Gak onok dadi yo, bu?	
S2-023	SE: He...ehm.	
P1-024	P : Lek iku bu, barang berharga, duwe opo gak?	
S2-024	SE: Gak duwe kayak'e, mbak.	
P1-025	P : Gak duwe...kayak perhiasan ngono, bu?	
S2-025	SE: Yo paling anting sing tak gawe iki tok mbak.	
P1-026	P : Mek iku tok...lek liyane, yo opo ngono sekirane?	
S2-026	SE: Maksud'e barang berharga liyane? TV ta?	
P1-027	P : Iyo...	
S2-027	SE: Aku onok mbak TV tapi cilik, iku ae bien diweneh'i kok mbak.	
P1-028	P : Yo wes mek iku tok bu?	
S2-028	SE: He...ehm.	
P1-029	P : Ibu sering gak ngajak anak-anak'e mlaku-mlaku?	
S2-029	SE: Jarang mbak, anakku wes...yo wes mlaku-mlaku nang nggarep kampung kono, wes akeh kancane seneng.	
P1-030	P : Lha lek mlaku-mlaku ambek bapak...ambek bojone ibu, bojo sampeyan?	
S2-030	SE: Yo paling tak jak nang omah'e embah'e...sak keluarga.	
P1-031	P : Opo'o bu, kok gak tau diajak mlaku-mlaku ngono...seneng-seneng?	
S2-031	SE: Yo yak opo mbak atene ngajak mlaku-mlaku, arek jek cilik-cilik, butuh'e jek akeh, kan perlu biaya...wes digawe kebutuhan keluarga wes cukup wes alhamdulillah mbak.	
P1-032	P: Lha iku...kalo ke rumah'e embah'e iku numpak opo, bu?	
S2-032	SE: Numpak becak'e bapak'e! (tertawa)	
P1-033	P : Becak iku opo bu, nyewa ta...punya sendiri ta?	
S2-033	SE: Gak! Iku bien becak iku yo warisan'e morotuo-ku, mbak.	
P1-034	P : Dadi gak nyewa yo?	
S2-034	SE: Gak! Becak'e dewe.	

P1-035	P : Berarti iku yo...memang gak perlu mbayar uang setoran yo?	Identitas subjek
S2-035	SE: Nggak!	
P1-036	P : Ibu pertama kali main judi iku kapan, bu?	
S2-036	SE: Opo yo ...iku bien kira-kira yo wes rong taun kepungkur iku lho saking aku melok-melok tonggoku iku lho kok sering oleh, dadi aku katut. Yo gak mesti tapi.	
P1-037	P : Dadi maksud'e main iku wes sekitar rong taun'an?	
S2-037	SE: He...ehm..., yo wes rong taun iki lah, tapi iku yo gak tau akeh kok mbak, paling aku tombok iku sewu rong ewu, ngono tok mbak.	
P1-038	P : Lha main judi iku, judi opo ae?	Kategori Tipe Penjudi
S2-038	SE: Aku paling yo iku mbak, togel ambek bingo iku.	
P1-039	P : Bingo iku...opo...yak opo bu, main bingo?	
S2-039	SE: Halah carane yo bandar'e iku sing ngocok, terus aku nyocokno nomer'e mbak, angka-angka sing nang kartune mau, engkok lek wes onok lurus limo yo bingo menang.	
P1-040	P : Lek main bingo iku, ibu masang duek totoan pira, bu?	
S2-040	SE: Wes pokok'e yo aku tuku kartu paling akeh papat mbak, biasane aku janjian ambek kancaku...paling yo satus!	
P1-041	P : Sak kartu iku satus?	
S2-041	SE: He...ehm	
P1-042	P : Dadi lek tuku papat iku...petang atus?	
S2-042	SE: Petang atus.	
P1-043	P : Ehm...ngono. Ibu tau gak masang totoan sing jumlah'ne luwih gede maneh?	Kategori Tipe Penjudi
S2-043	SE: Gak tau mbak, yo ndelok duek'e, lek kalah eman-eman.	
P1-044	P : Kalo ibu kalah ngono yo...opo kalah totoan ngono iku, iku yak opo bu, nyesel opo gak, bu?	
S2-044	SE: Yo lek dieling-eling yo nyesel, tapi lek oleh kan lumayan, kenek digawe liyane.	
P1-045	P : Lho memang'e ambek ibu dieling-eling terus ta...kalahne iku mau?	
S2-045	SE: Yo mesti kadang yo dieling'i mbak, wong...yo tapi yak opo wes diniati, sakjane yo eman.	

P1-046 S2-046	P : Dadi memang kadang yo sek dieling'i yo? SE: He...ehm.	<b>Kategori tipe penjudi</b>
P1-047 S2-047	P : Lha berarti ibu ngerti lak an, lek opo ...maksud'e sadar gak lek main judi kalah iku terus isa kilangan duek sing digawe main mau? SE: Yo ngerti mbak, wong wes tau kalah, tapi yo yak opo...	
P1-048 S2-048	P : Lha terus opo ngono iku...opo'o bu, kok sek...maksud'e sek main judi? SE: Tak gawe hiburan, soale ben...opo iku mbak, onok ketemu kanca-kanca gumbul akeh ngono iku lho, lek menang lak lumayan isa digawe tambahan...kebutuhan'e keluarga.	
P1-049 S2-049	P : Lek ibu lek gak main ngono iku memang'e gak onok kancane maneh ta? Lek gak maksud'e sing gumbul main iku? SE: Yo onok, yo ibu-ibu kampung iku mbak, tapi sing lebih akrab lak kanca sing main iku isa dijak gumbul, isa rame-rame, ngomong-ngomong, cerita, dadi kan terhibur, mbak.	
P1-050 S2-050	P : Sing gumbul iku mau ancene melok main kabeh ta? SE: Yo onok mbak...onok sing melok, akeh sing melok ambek sing nggak, cuman kan onok sing ngguyub'i ngono lho mbak, terus ngekek'i pemasukan nomer iki-nomer iki ngono.	<b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b>
P1-051 S2-051	P : Biasane lek nggumbul ngono iku bu, ambek kanca-kanca sing pada main, iku sing diomongno opo ae, bu? SE: Yo wes jenenge wong wedok kumpul mbak, yo wes macam-macam sing diomongno ngalor-ngidul, yo wes pokok'e kabeh sing kenek di-omong...maksud'e kebutuhan keluarga, yo sing opo, yo wes...kadang yo ngomongno soal nomer-nomer ngono iku mbak sing perlu ate ndek nggene main-main iku...tuku togel	
P1-052 S2-052	P : Lha sering gak bu, ketemu ambek kanca-kancane sing main iku? SE: Yo sering! Lek pas petuk ngono iku yo mesti ditakoni "gak tombok, ta?".	

P1-053 S2-053	P : Ibu main judi iku sak pira sering'e, bu? SE: Yo...sak duwe'ne duek mbak, lek pas lagi onok duek yo wes main, yo gak saben dino, gak mesti!	<b>Kategori tipe penjudi</b>
P1-054 S2-054	P : Dadi maksud'e gak rutin ngono yo? SE: Nggak mbak! Yo lek pas lagi ati onok sreg, duwe nomer sing cocok ngono yo, pas duwe duek aku yo main.	
P1-055 S2-055	P : Kira-kira opo...lek digawe iku maksud'e pira bulan sekali ta...pira minggu sekali ngono iku, sak pira sering'e? SE: Kadang-kadang kok mbak, kadang sak ulan pisan, sak ulan pindo, gak mesti...ndelok duek'e lek pas lagi duwe duek ngono yo, kadang yo gak blas.	
P1-056 S2-056	P : Berarti memang'e gak tentu yo? SE: Yo! Gak mesti mbak, ndelok keuangan'e mbak.	
P1-057 S2-057	P : Tapi sampe saiki sek main yo...maksud'e sek aktif main? SE: Yo...main bingo, yo togel.	<b>Identitas subjek</b>
P1-058 S2-058	P : Selain kanca-kanca sing melok main mau, sing gumbul sing pada melok main kabeh mau iku, ibu duwe gak kanca gumbul sing lain, tapi maksud'e iku sing duduk wong sing melok main judi iku? SE: Onok mbak, yo iku ibu-ibu kampung iku mbak, kumpulan PKK ngono iku.	<b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b>
P1-059 S2-059	P : Sek sering'an gumbul sing main yo? SE: Yo sek akeh sering sing main, soale sing main kan mesti ngomongno nomer'e iki lho-nomer'e iki, ngono lho mbak. Tapi lek pas aku...pas nganu...sing kanca-kanca main iku sing sering teka	
P1-060 S2-060	P : Hubungan'e ambek kanca-kanca sing main, sing sering gumbul iku...yak opo bu hubungan'e? SE: Yo wes biasa-biasa mbak! Kayak opo, yo wes akrab ngono.	
P1-061 S2-061	P : Akrab sak piro? SE: Yo...yak opo yo...yo wes...yo yak opo jenenge wong tetangga seh mbak, yo tegur sapa...yo maksud'e nyapa lek ketemu..."kayak opo?", ngono wes. Apik'e yo wes biasa lah, jenenge wong ambek kanca.	

P1-062	P : Ibu lek nggumbul ambek kanca-kanca seng main iku bu, yak opo perasaan'e? Rasa'e yak opo?	<p style="text-align: center;"><b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk membina hubungan sosial</b></p>
S2-062	SE: Yo seneng...yo gak seneng lek...opo yo...lek pas ketemu ambek kanca sing main sing kadang-kadang ngekek'i rejeki yo seneng mbak.	
P1-063	P: Kanca main sing ngekek'i rejeki iku maksud'e yak opo, bu?	
S2-063	SE: Yo...iki lho aku duwe nomer...togel. Lek ketemu sing ngono yo seneng.	
P1-064	P : Maksud'e gak kabeh ta sing sering ngekek'i nomer iku?	
S2-064	SE: Yo nggak mbak, sing gak seneng main kan gak tau mbak, yo paling nggumbul'e yo sak...lek ketemu belanja ngomong, ngono tok, mbak. Sing kulina main-main kan mesti kadang di-omong'i, lebih akrab ngono mbak...lebih sering teka.	
P1-065	P : Opo'o bu, kok luwih sering, kok lebih akrab ambek sing main dibanding ambek sing gak main iku?	
S2-065	SE: Yo mbak, soale lek teka mesti ngerumpi'no masalah nomer, dadi de'e sing teka.	
P1-066	P : Masalah nomer iku yak opo...dirumpi'no yak opo?	
S2-066	SE: Yo endi sing onok...iki lho onok, aku duwe nomer...sip! Iki nomerku sak mene, engkok yo dietung bareng-bareng mbak, sing sip baru di tombok'i.	
P1-067	P : Dietung bareng-bareng?	<p style="text-align: center;"><b>Kategori tipe penjudi</b></p>
S2-067	SE: Iyo!	
P1-068	P : Ibu'e isa ta?	
S2-068	SE: Yo isa, wes ambek kanca-kanca iku mbak, yo sing diwolak-walik, di-opo'no ngono mbak. Engkok lek wes sreg, cocok, yo wes iki ae sing ditombok'i. (minum)	
P1-069	P : Lek...opo...saben kali main iku, ibu iki yakin gak engkok lek...engkok pasti menang, ngono?	
S2-069	SE: Yo...anu mbak, lek sing atine sreg ngono yo berarti "Wah...iki wes pasti oleh", ngono.	

P1-070	P : Lha lek gak sreg? Tapi saben nombok iku sreg gak?	K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I
S2-070	SE: Yo kadang onok sing sreg, kadang yo nggak mbak, gak mesti, tapi lek atine pas ngono mesti entuk.	
P1-071	P : Saben dina'ne iku ibu mesti kepikiran opo gak tentang main iku? Main judi iku, bu?	
S2-071	SE: Yo gak saben dina mbak, kan togel iku kan gak 'ben dina mbak metu'ne.	
P1-072	P : Lek bingo iku?	
S2-072	SE: Lek bingo seh sak onok'e waktu...malem...kadang mek...tapi lek gak ser yo gak main mbak, aku.	
P1-073	P : Gak, maksud'e kan ibu kan meskipun gak ajeg main yo, gak saben dina, maksud'e meskipun gak main ngono iku lho...maksud'e ndek pikiran'e ibu iku mikirno terus opo nggak "oh...main", ngono...kepikiran opo gak?	
S2-073	SE: Yo nggak...yo nggak mbak...yo opo yo...wong sing liyane lho butuh'e jek akeh.	
P1-074	P : Lek main iku bu, iku kerasa tegang opo gak, bu?	
S2-074	SE: Yo mbak, mesti tegang, deg-deg'an, yo maksud'e tegang iku..."yak opo yo, metu opo nggak iki engkok", ngono lho mbak...mesti.	
P1-075	P : Lek kalah bu, iku yak opo, ibu lanjut main maneh ta? Opo mandek ngono?	
S2-075	SE: Yo kadang lek wes kalah yo mandek mbak, gawe opo wong wes kalah.	
P1-076	P : Dadi gak diterusno yo?	
S2-076	SE: Yo gak mbak! Gawe butuh'e liyane.	
P1-077	P : Ibu lek dikongkon mandek gak main maneh ngono iku isa opo gak, bu?	
S2-077	SE: Yo isa!	
P1-078	P : Memang'e selama iki pernah ta bu, mandek main ngono...maksud'e suwih gak main ngono?	
S2-078	SE: Yo mbak, kadang yo sampe sak ulan, sampe rong ulan yo kadang aku wes gak main blas wes'an.	

P1-079	P: Memang'e pernah yo...maksud'e gawe mandek ngono iku?	K A T E G O R I  T I P E  P E N J U D I
S2-079	SE: He...ehm. Wes opo maneh gak duwe duek mbak, gak mikir main.	
P1-080	P : Mari ibu mandek suwe iku, iku opo'o bu, kok terus main maneh?	
S2-080	SE: Yo iseng mbak, gawe hiburan...be'e sapa ngerti oleh.	
P1-081	P : Ibu onok njaluk bantuan ambek wong liya gak gawe nyukupi kebutuhan'e keluargane ibu iki?	
S2-081	SE: Gak onok mbak...sapa...wong keluargaku kabeh wes pada kawin dewe-dewe, ngurusi keluargane dewe-dewe, mbak.	
P1-082	P: Tau gak ngelakuno perbuatan sing ngelanggar hukum gara-gara main?	
S2-082	SE: Gak mbak, gak wani...wong wes gak duwe kok ate ngelanggar hukum, yo wes wedi mbak, aku...gak tau.	
P1-083	P : Tau gak duwe masalah...yo mboh masalah ambek keluarga, ta ambek kanca, yo wes pokok'e masalah sing gara-gara main ngono?	
S2-083	SE: Iyo...bien tau mbak aku main tukaran ambek bandar'e, soale nomer'e iku metu aku dibujuk'i jarene nomer'e gak tembus, terus tak parani mbak ambek bojoku, tak jaluk duek-ku, akhire dikek'i ambek bandar'e.	
P1-084	P : Tukaran...rame?	
S2-084	SE: Yo nggak mbak...yo mek engkel-engkel'an ngono mbak, tapine karo bandar'e langsung dibayar'i duek-ku.	
P1-085	P : Wes mek iku tok opo onok maneh?	
S2-085	SE: Gak onok mbak!	
P1-086	P : Ibu onok nggak sengaja nyembunyino teka wong liya lek ibu iki main judi?	
S2-086	SE: Yo mek ambek anak-anakku tok mbak, soale gak enak engkok pas ditiru ambek anakku. Dadi aku gak wani...wes tak sem...tak rahasia'no lek ambek anak-anakku mbak.	
P1-087	P : Lha lek bojo'e sampeyan bu, ero?	
S2-087	SE: Lek bojoku ngerti mbak...wes ngerti bojoku...gak po po...soale lek oleh yo gawe nambah kebutuhan keluargane.	

P1-088 S2-088	P : Kalo ibu punya masalah ngono, ibu suka main gak lek lagi punya masalah? SE: Yo nggak mbak, aku lek wes onok masalah ngono main'e mandek mbak.	<b>Persepsi terhadap judi sebagai mekanisme pelarian dari masalah</b>
P1-089 S2-089	P : Opo'o bu, lek duwe masalah kok mandek? SE: Yo engkok lek lagi atine gak pas iku biasane gak menang...lak eman-eman.	
P1-090 S2-090	P : Lek nganggur bu...Lek ibu lagi nganggur ngono iku ibu suka main opo gak? SE: Yo lek nganggur kadang iseng, dadi terus main, ngono yo paling lek onok nomer sip, lek gak onok nomer sip yo gak.	<b>Persepsi terhadap judi sebagai kegiatan pengisi waktu luang</b>
P1-100 S2-100	P : Maksud'e lek oleh nomer sip iku gawe main sing endi? SE: Yo togel...lek iku lho mbak be'e onok nomer sip ngono wes tak ngge pasang togel.	
P1-101 S2-101	P: Lha lek gawe main sing iku bu, sing sijine...sing bingo? SE: Bingo ta? Lek bingo iku lek nganggur mbak lek bengi lek anak-anakku wes turu ngono...baru aku melok main bingo lek awan yo nggak mbak, ngurusi anak-anak'e.	
P1-103 S2-103	P : Ibu tadi kan bilang kalo main yang togel itu yakin lek menang iku kan soale lagi punya nomer sip, lha lek main bingo yak opo, ibu'e tetep yakin isa menang opo gak? SE: Yo mbak yo kudu onok keyakinan, disamping itu yo konsentrasi ambek opo yo...tenang...konsentrasi tapi juga ada keyakinan.	<b>Kategori Tipe Penjudi</b>
P1-104 S2-104	P : Dadi yo bingo yo togel iku tetep yakin? SE: Tetep yakin	
P1-105 S2-105	P: Ibu kalo lagi punya nomer sip gawe nombok'i togel, tapi waktu iku ternyata ibu lagi gak onok duek, iku yak opo bu...ibu iku tetep main opo yak opo? SE: Yo gak mbak, masih oleh nomer sip lek gak duwe duek yo nggak tak rewangi utang-utang, engkok wes susah tambah susah iyo lek wes oleh...pasti...lek gak aku lak nambah-nambah'i utang engkok...yo aku gak main mbak, gak tak tuku.	



P1-106	P : Ibu tadi kan bilang kalo waktu main togel itu tegang...soale kan opo...nomer'e iku nanti iku tembus opo gak, lha kalo waktu main bingo bu, yak opo?	
S2-106	SE: Yo pada ae mbak, wes pada tegang'e, masih main bingo yo tegang, tapi yo kudu konsentrasi lek bingo. Dadi tegang'e yo pada mbak.	
P1-107	P : Kalo misale bu ya...ibu tadi kan bilang lek main iku lak yakin menang bu, tapi lek ternyata hasil'e iku gak oleh, gak menang iku yak opo bu?	<b>Kategori tipe penjudi</b>
S2-107	SE: Yo yak opo mbak, wong pancene durung wayane rejekine, wes mbleset yo wes gak po...yo mungkin iku wes nasibku gak entuk...memang durung rejekine.	
P1-108	P : Ibu tadi kan bilang pernah punya masalah tukaran ambek bandar'e gara-gara duek togel sing metu tapi diomong gak metu, iku waktu iku ibu menang duek pira, bu?	
S2-108	SE: Satus rong puluh ewu mbak, aku tombok rong ewu. Oleh satus rong puluh ewu, lak lumayan seh mbak.	
P1-109	P : Duek menang waktu iku ibu gawe opo?	<b>Persepsi terhadap judi sebagai sarana untuk meningkatkan taraf hidup ekonomi</b>
S2-109	SE: Yo wes tak gawe nutup kebutuhan-kebutuhan keluarga mbak, wes mbayar utang, yo wes butuh-butuh liyane, nambah belanja, yo wes tak gawe tuku beras mbak, wes pokok'e kebutuhan keluarga terpenuhi lah mbak, kan lumayan.	
P1-110	P: Ibu pernah gak nyoba untuk kerja, maksudnya untuk nambah'i uang?	
S2-110	SE: Yo pernah mikir mbak, kepingin kerja tapi yak opo lek dodolan kan perlu modal, sedangkan tenaga'ne sek ngurusi anak-anak jek cilik-cilik iku, mbak. Yo gak...yo onok seh kepikiran pingin kerja lain'e tapi yak opo mbak, durung sempet iku...ngelakoni.	
P1-111	P : Dadi memang'e ibu gak pernah kerja ya?	
